ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№86 (21.744) ● 2010 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Къалэуэуэ Іуэхуэхэмкіэ совет къыщыдзэгъэнэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къалэуэуэ Іуэхуэхэмрэ архитектурэмрэ яхуэгъэзауэ икІэщІыпІэкІэ унафэ зытещІыхьын хуейкъэ зэфІэгъэкІын, инвестицэ-уэуэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыным лъабжьэ къыхуэзгъэпэщын, уэуэныгъэхэм я архитектурэ проектыфІхэр зэхэтьхьэн, и щІыналъэхэм я тепльэр екІуэ щытын папщІэ **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Къалэуэуэ Іуэхуэхэмкіэ совет къыщыдзэгъэнэщын.

2. Къэщтэн мы Указым щыгъуэзу:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Къалэуэуэ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым теухуа положенэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Къалэуэуэ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ совет ыкІи хэтхэр.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м
№41-УП

(Гуэдзэнчр 2-нэ нап. итщ).

● Фыщіэ

Іуэху щхьэпэ

«Урысей сабий фонд» жылагъуэ псапашІэ фондым и унафэщІ Лиханов Альберт Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен фыщІэпІухуэ кьыхуищІащ, а фондым и щІыналъэ кьудамэр зэфІэувэным хуабжьу щІэгъэкъуэн зэрыхуэхьым кьыхэкІыу.

Къанокъуэ Арсен Іуэхум хьыхьэри, кьудамэм псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ 210-рэ хъу Іуэхущ Іапіэ, гъэтІылъыпІэ пэщхэр ираташ, ахэр зыхуэят хуагъэзащ, унэльащІэхэмкІэ, зэрылэжьыну Іэнэпсымэхэмкіэ кьыхэзагъэпащащ. А кьудамэм и Іуэхущ Іапіэ зэрыжиІамкІэ, республикэм и сабийхэм зэрадзІэпыкъуным теухуа лэжьыгъэр яублэным псори хуагъэхьэзыращ.

Лиханов Альберт кьыхихъэщхьэхуКІащ Фондым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэрэ абы и унафэщІымрэ кьэрал кьулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хьэрычэтыщІэхэм ядэлажьэуэрэ нэхъ хуэмыщІа унагъуэхэм ящыщ сабийхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ яхуэзэфІэкІ кьыхэзрамыгъэнэнур я фІэщ зэрыхьур.

ЦЕКЪУ ПІаТІ.

● ЗэІущІэхэр

Егугъуу зыхуагъэхьэзыр

Иджыблагъэ зэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Махуэхэр мэкъуаугъэуэм и 8-м УФ-м Федерацэмкіэ и Советым щегъэкІуэкІыным хуэзыгъэхьэзыр кьиэзгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр** кьиэзэрыхиГъэщамкІэ, япэ щІыкІэ выставкэ кьиэзэрагъэпэщынурэ, Мэзкуу здашэнухэр абы кьыщыхахьинущ. А гъэлъэгъуэныгъэм унэтІыныгъэ нэхъыщІхьэу 4 кьыхагъэщхьэхуКІащ. Апхуэдэщ демографие политикэм, щэнхабзэм и щІэинхэм, промышленностымрэ транспортымрэ инфраструктурэмрэ зэрызэужьыным, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр егъэжьэжыным теухуахэр.

Кьищыкъэмыщ Іауэ, Меркуловым кьыгъэлъэгъуащ ди республикэм и унафэщІхэм Федерацэмкіэ Советым и комиссэхэм хэтхэм щІалэгъуалэмрэ туризмэмрэ я Іуэхухэм ехьэлІа зэІущІэ зыубгъуа зэрыдрагъэкІуэкІынур. Апхуэдэу абы щІепсэлъыхьынущ КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэм Федерацэмкіэ Советым я щІэныгъэм щыхагъэхьэуэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Гъэлъэгъуэныгъэр гъэхьэзырыныр зи пщэрылъхэм Іуэхур зыІутым зэхуэсахэр зэхагъэгъуэзащ. ЗытращІыхьам тету, Правительствэм и Унэм и етІуанэ къатым гъэлъэгъуэныгъэр дыгъуасэ кьыщыдзэІуахащ. КъБР-м щІэныгъэм, медицинэм, спортым, щэнхабзэм, транспортым, промышленностым, АПК-м, турист-рекреацэ комплексым щиІэ зыжьыныгъэхэр ягъэлъэгъуэнущ. «Агро-ком» теплицэм, жызымей, мыІэрысей хадзэхэм, «Рентген» заводым я зэфІэкІхэр, Налшык «Зауэлі щыхьым и кьалэ» цІэр кьиэзэрыхуагъэфэщащ, нэгъуэщІхэри гулъытэншэ ящІынкъым. КъБР-м и Лыхъужьхэм я стенд щхьэхуэ ягъэхьэзырынущ, щэнхабзэ щІэинхэр лъэпкъ музейм щытраха сурэтхэмкІэ зэхагъэувэнущ. КъищынымыщІауэ, выставкэм хагъэхьэнущ дуней псом кьыщацІыху ди уэрэджьыІакІуэхэу Тут Заур, Лепь Катя, Биллан Диана, Аминаков Ефрем, Къэзан Сэтэней сымэ, нэгъэущІхэми я зэфІэкІхэм теухуа Іыхьи. Абы щагъэлъагъэунэщ ди лъэпкъ фащэхэр, Іэщэхэр, сурэтыщІэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр.

Зэ Іущ Іам хэтащ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэр, министрхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ветеранхэр кърагъэблэгъэж

Дыгъуасэ Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым деж кьыщрагъэблэгъэжащ ТекІуэныгъэ Иным теухуауэ Москварэ Санкт-Петербургрэ щекІуэкІа махуэшхуэ зэхьыхьэхэм хэта ди ветеранхэр.

КЪЭРАЛЫМ и кьалащьхэ нэхьыщхьэхэм щыхьэщІа ди нэхьыжьыфІхэм гъуэгуанэр кьаззырытмылъэлар наІуэт. Абыхэм я нэгур зэІухат, дзэрэжьгъуэр я кьуэдт.

Республикэм и Ветеранхэм я советым и унафэщІ **Шыхьэмэхьуэ Мухьэмэд**нэхъыкьхьэр фІэхьыс сэлам гуапэкІэ кьригъэблагъэхьэри уэзышІэ, я лъэр жану ТекІуэныгъэшхуэм и кьыкІэплъыкІуэ юбилейхэр зэдагъэлъапІэмэ зэригуапэр яжриІащ. Абы и псальэхэр диІыгъащ КЪР-м ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и лІыкІуэ **Гергоков Джамболэт.**

- Ветеранхэр кьезыгъэблагъэжахэм ящыщщ Хьэсэней кьуаежьм дэт курыт еджапІэ №16-м и школакІуэ цыкІуэхэр.

- А махуэхэр апхуэдизкІэ гукъинэж тщыхуащІу, тлъэгъуахэр, ди гур хэзыгъэхьуа псори кьэІуэтэжьыным зэман куэд ихьанущ. ПсалъэкІэ тхуэжьмыІэнухэр кьызытещ сурэтхэр ди куэдщ. Гуапэу драгъэблэгъащ, хьэщІэщхэм я нэхъыфІхэм дыщыпсэуащ. Абыхэм дащыхуэзащ Къэршей-Шэрджэсым, Осетие Іущхьэрэ-Аланием, нэгъэущ республикэхэми икІа ветеранхэм, хамэ къэралхэм кьиКІаэри яхэту, - жаІащ ветеранхэм.

Москва щыхьэщІахэр Урысей Федерацэм и Президентым зэрыІущІам, я нэгу щІэкІаэм кІэщІу кьытеувыІаэщ.

- «Къэбэрдей-Балькъэрым кьыбгъэдэкІ фІэхьыс сэлам! Махуэшхуэмкіэ дыныбохьэхьэу! псальэхэр куэдрэ щыдгъэІуащ ТекІуэныгъэ Иным и парад нэхьыщІэр щекІуэкІа Москва и Ут Плыжьым. Сэ иджы етІуанэ апхуэдэ зэхьыхьэр си нэгу щІэкІащ. Мусэбии сэри дрогушхуэ Урысейм и Президент Медведев Дмитрий дыз эрыІущІам, сэлам зэретхам, - кьыджриІащ Созаев Мухаш.

Кьаншаущ Мусэбий абы и псальэхэм кьыпищащ:

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур щыдгъэлъапІэм ветеранхэм, зэи хуэмыдэу, кьыгъэщІа гулъытэм папщІэ кьэралым и Лышъхьэм дыз эрыхьуэрэзыр, Урысей Федерацэм и Президент кьалэным иджыри куэдрэ пэрытыну дыз эрригуапэр жеСІащ Медведев Дмитрий сэлам щесхам. Щыхьэрым щекІуэкІа махуэшхуэ зэхьыхьэм иджы япэу сраГъэблэгъэуэ аращ. Сэ сеплъауэ щытащ ТекІуэныгъэм и япэ парадым. Накъыгъэм и 9-м сльэгъуамрэ абыррэ зэбгъащІэмэ, ар кьыз эрыпІуэтэн псальэ къэгъуэтыгъуейщ. Ут Плъыжьым ирикІуэ дзэ техникэр сыт и уасэ?! Нэхьыщхьэр мамырыгъэрщ, зэгурыІуэныгъэрщ икІи ди къэралыр, нобэ дыкьежьыгъэблэгъэжа ди льаэхэр нэхьри льэщ хьумэ си гуапэщ.

Абыхэм я псальэмакъым кьыпащащ Санкт-Петербург зыщыщыпльыхьаэм. Фингу кьэдгъэкІыжьынщи, а кьалэм щекІуэкІа махуэшхуэ зэІущІэхэм хэтащ ди ветеранхэу Иваницкая Нинэ, Медведевэ Эльэз, Крылов Владимир, Дудкин Николай сымэ.

Мусэбийрэ Мухашрэ хуэдэу, абыхэми кьаІуэтэжьын я кьуэдщ. Псом хуэмыдэу Медведев Эльэз. Къэбэрдей-Балькъэрыр псэупІэ зыхуэхьуа, зыми пимыщІын и льаэхуу къэзыльытэ Эльэз кьыщалъхуар Санкт-Петербургщ. Ар ящыщщ Ленинград блокадэр зи нэгу щІэкІаэм, абы и гугъуехьхэр зыгъэзвагъэм. Илъэс 15 ныбжьым итту арат Хэку зауэзыхуэр кьыщыхьеам, ау шынэ имыщІэу дэІэпыкьуныгъэ хуэныкьуэ дэтхэнэми зыщІигъэкъуад абы.

Санкт-Петербург щыІа ветеранхэм псалъэ гуапэхэр хужаІащ, фІыщІэ хуащІащ а махуэхэм зи нэІэ кьатета дохутыр Кучменов Мустэфа.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентым

Зыужьыныгъэм и хэкІыпІэхэр

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм технопаркэм я лэжьыгъэр хабзэкІэ щызэхэщІыпІыжьыным теухуа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, министерствэ, ведомствэ зыщІэхъуэхэм, аджапІэ нэхъыщхьэхэм, щІэныгъэ, инноваці Іуэхущ Іапіэхэм, жылагъуэ организацэхэм я лІыкІуэхэр, кьалэ, район, администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я кьуэдзэхэр.

ЗЭХЬЫХЬЭР зи жэрдэм комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** зытепсэлъыхьынухэр игъэбелджыла нэхъыжь, Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар** зэпкърыхауэ кьытеувыІащ «КъБР-м и технопаркэм я ІуэхукІэ» республикэ законыр гъэхьэзырыным зэрелэжьыным. Абы кьызригъэпсэлъэгъуэмкІэ, экономикэм и кьызэгъэпэщкІэм щІэныгъэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зэуІуу зэрыхэлажьыхьыпхьэм и Іэмалхэр нобэкІэ нэсу убзыхуа хьуакьым.

- Зызыужьа къэралхэм дапэхъун щхьэкІэ, инноваці и льаэбжьэу щІэныгъэмрэ техникэмрэ я ефІэкІныгъэхэр экономикэм и Іэнатіэхэм тегушхуауэ хэтпщащхьэ. Жылагъуэм зиужьыну дыкуеймэ, щІэныгъэм, егъэджэным гъыдиІэ ехьулІэныгъэхэр промышленностымрэ хьэрычэт Іуэхуэмрэ кьышІыдмыгъэсэбэлу хъунукъым, - кьыкІэгъащІ Чеченов Ануар. - Дуней псом щызэтрауха технопаркэр щыхьэт зэрытехьэщи, абыхэм тегъэпсыхьа щІэныгъэ кьэхуэтэныгъэхэр щІэхуэращІ мыльку зыхуэхахри, ар и льабжьэу инноваці программэхэм я кьызэгъэпэщыкІэ ІэмалыщІэхэм псынщІэу зэрырагъэуфбгъри. ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ промышленностым, зыхэхьэхэт Іуэхум зыщегъэужьын зэрыхуейм зыми шэч кьытрихьэркъым. Псэуныгъэр кьызэзыгъэпэщ а Іэнатіэхэр кьэтІэтмэ, жылагъуэм льэныкьуэ псомкІи зэпсэущІынущ.

Парламентым и Іэтащхьэм кьызэрыкІуэщІамкІэ, къэрал, щІыпІэ органэхэм технопаркэм зегъэужьыным я кьарур хуэзэщІагъэуІуэпхъэщ.

Ахэр хъун хуэйщ технологие пэрытхэр экономикэм и Іэнатіэхэм псынщІэу икІи жыджэру щызэтраухуэ Іуэхущ Іапіэ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и кьуэдзэ **КІэрэф Мурат** япэ щыкІэ кьытеувыІащ Урысейм технопаркхэр кьызэрыщызэрагъэпэщ щыкІэм, абы и льэныкьуэкІэ кьагъэсэбэп Іэмалхэм икІи щапхъэхэр кьихьэрэ ахэр зыхуэдэмрэ абыхэм я лэжькІэмрэ зэхуэсахэм яхуиУэтащ.

- ЛІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъуауэ дуней псом технопаркэр щыІэщ, ауэ я мыхьэнэмрэ я яГъэщІэ кьаІэнымрэ Іупщ Іу убзыхуауэ зы щыкІэм тету зэрелжэр нобэр кьыздэсым ягъэбелджылакьым. Абы кьыхэкІыу «технопаркэ» гурыІуэныгъэр зэтхьэлІэжьыр хэхауэ зэхэдгъэкІыпхъэщ, - кьигъэльэгъуащ КІэрэфым.

Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ технопаркым и зэхэлъыкІэу щытын хуейуэ кьихьэгъэнэ ди техникэр сыт и уасэ?! Нэхьыщхьэр мамырыгъэрщ, зэгурыІуэныгъэрщ икІи ди къэралыр, нобэ дыкьежьыгъэблэгъэжа ди льаэхэр нэхьри льэщ хьумэ си гуапэщ.

Абыхэм я псальэмакъым кьыпащащ Санкт-Петербург зыщыщыпльыхьаэм. Фингу кьэдгъэкІыжьынщи, а кьалэм щекІуэкІа махуэшхуэ зэІущІэхэм хэтащ ди ветеранхэу Иваницкая Нинэ, Медведевэ Эльэз, Крылов Владимир, Дудкин Николай сымэ.

Мусэбийрэ Мухашрэ хуэдэу, абыхэми кьаІуэтэжьын я кьуэдщ. Псом хуэмыдэу Медведев Эльэз. Къэбэрдей-Балькъэрыр псэупІэ зыхуэхьуа, зыми пимыщІын и льаэхуу къэзыльытэ Эльэз кьыщалъхуар Санкт-Петербургщ. Ар ящыщщ Ленинград блокадэр зи нэгу щІэкІаэм, абы и гугъуехьхэр зыгъэзвагъэм. Илъэс 15 ныбжьым итту арат Хэку зауэзыхуэр кьыщыхьеам, ау шынэ имыщІэу дэІэпыкьуныгъэ хуэныкьуэ дэтхэнэми зыщІигъэкъуад абы.

Санкт-Петербург щыІа ветеранхэм псалъэ гуапэхэр хужаІащ, фІыщІэ хуащІащ а махуэхэм зи нэІэ кьатета дохутыр Кучменов Мустэфа.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● «Урысей зэкъуэт» партым

ЧЕЧЕНОВ Хъусен: Ди цІыхухэр зыгъэпІейтейхэр зэщхьщ

Къэбэрдей-Балькъэрым и цІэкІэ сенатор Чеченов Хъусен цІыхухэр щригъэблагъащ «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІым и щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм.

УФ-м Федерацэмкіэ и Советым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафэщІ Чеченов Хъусейн и деж кІуат Тырныауэ кьалэм щыщ Уэденовэ Асльыжан. Ар фызабэщ, бынитІым я анщ. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу псэупІэзэ щІэныгъэщ.

Тембот Зарем Бахьсэн кьалэм и гъунэм щопсэу. И гъунэгъуэхэм я гъусэу, ар мэпхуэ Фрунзе и цІэр зезыхьэ уэрамым псыр газрэ яшэну.

Хэку зауэшхуэм хэтам и кьэр, Аруан кьуажэм щыпсэур, мэльыІуэ псэупІэ ираты-ныкІэ щыІэ чэзум хагъэувэжыну.

Апхуэдэу Чеченов Хъусен иригъэблагъэхэм кьаехэІащ нэгъуэщІ Іуэхуэхэр зэрыпІейтейхэри.

Зы тхьэусыхафи гульытэншэу кьигъэнакъым. ЦІыхухэм зыкьыщэзгъэкІыжьыну ящІ. «Кьыхэзгъэщын хуейщ цІыхухэр зыгъэпІейтей Іуэхуэхэр зэрыщэщыкІыр. Си деж къэкІуахэм я ящыщ зыбжанэр зыгъэзавэр псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм егъэщІылІа Іуэхуэхэрщ, адрейхэр узышІагъэр хьуэныным, егъэджэныгъэм, псэупІэ зэгъэгъуэтыным пыщІа гугъуехьхэм егъэпІейтей. Апхуэдэу щыІэщ судым, прокуратурэм, нэгъэущ Іуэхущ Іапіэхэм я дзэкьыгъэмкІэ мызарэзыхэр. Си деж кьыщІэкІуа Іуэху куэдрэ щыпІэкъэ щІэсфІагъэжьыфынут. Ахэр щІэзэфІамыгъэкІым и щхьэусыгъуэр зэрыщІэгъэщІ - кьулыкъущІэхэм кьафІэІуэхуэкъым цІыхуэхэр зыхуэей-зыхуэфІхэр, - кьыхигъэщхьэхуКІащ сенаторым.

ПсэупІэ ираты льаІуэу зыкьыкьуэзыгъэзахэм я гугъу щищым, Чеченовым жиІащ: «Партым Іэмал иІэкъым цІыхуэхэм унэхэр яхуигугъэшыну. Абы и кьалэныр щІыналъэм и экономикэр, жылагъуэ-политикэ зыужьынымкІэр зэтриухэнырщ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Я лэжьыгъэр ефІэкІуэн папщІэ

● Узынщагъэ

КъБР-м и Правительствэм УФ-м Узынщагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІащ ГъуэгуанэкъэхъуэкъащІэхэм фэбжь хэзыхахэм яГъуэт медицинэ дзэпкъыкъуныгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ.

АБЫ ИПКЪ ИткІэ, федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу мы гъэм республикэм субсидиеу кьратынущ сом мелуани 134-рэ мин 374-рэ. АбыкІэ кьащэхунущ Республикэ клиникэ сымаджэщым кьыщыззІуаха травматологие центрыр зыхуеину медицинэ Іэмэпсымэхэр. Къищынэмыщ Іауэ, республикэм кьыІэрыхьэнущ реанимобилу 7, сом мелуан 17-рэ мин 500-рэ и уасэу.

ЗэгурыІуэныгъэм кьыщыгъэльэгъуа ІуэхуэгъэщІэхэр хуэунэтІащ ГъуэгуанэкъэхъуэкъащІэм фэбжь хэзыхахэм яГъуэт медицинэ дзэпкъыкъуныгъэр егъэфІэкІуэным. Абы хохьэ, псальэм папщІэ, ГъуэгуанэкъэхъуэкъащІэхэм я Іэужьыр гъэкІуэдыным кІэлъыплъ Іуэхущ Іапіэхэм зэуэ хъыбар яІэрыхьэныр, жащ-махуэ ямыІэу реанимобилхэр плъырныр, фэбжь зыгъэзытахэр травматологие центрым псынщІэу нашэсынырщ.

Апхуэдэу УФ-м Узынщагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращІылІащ 2010 гъэм цІыхуэхэр зыкІэлъыплъыжьыным, я зэпкърыхауэ хъсакъыным кьыхуэзыдж Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщыным льэныкъуитІми зэхуэдэу мыльку халъхьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Сабийхэм я узынщагъэм щыкІэлъыплъ центрыр иджыпсырей медицинэ оборудованэхэмкІэ кьызэрагъэпэщын папщІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу республикэм субсидиеу кьыхуахтІыпщынущ сом мелуани 2-рэ мини 164-рэ.

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ЧЕЧЕНОВ Хъусен: Ди цІыхухэр зыгъэпІейтейхэр зэщхьщ

Къэрал щхьэхуэу зыхьлъытэжа Косовэм хуиІэ гъунапкъэм деж дыгъуасэ пшэлджыжьым Македониемрэ и полиціэм щыуКІащ щІэнхъаджащІэ гуным щыщу щІыхуиІащ.

МАКЕДОНИЕМ и «Макфакс» хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэм кьызэригъэтыкІэ, Радушэ къуажэм деж полицейэм кьащІагъэувыІащ Іэщэ зэрылъ автомобиль. Абы исахэр кІэрахьэжьІэ кьахэхуэн щыщІадзэм, хабзэхъумэхэм плІыр яуІащ, зыбжанэр яубыдащ. Автомобилым ипха Іэщэр кІэрал хъумапІэхэм ящащ.

Совет къызэрагъэпэщ

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий зэрыжиІамкІэ, Тыркумрэ ди къэралымрэ зэрызэлъэужьыу щыкІэр зыубыду Совет къызэрагъэпэщ. Абы хэтыцыр президентэрщ.

-ИкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ тхыльэ куэдым Іэ щыщІэддзынущ Советым и япэ зэІущІэм. Ар кьызыдогъэпщащ а щыхьэт тхыльхэр зытеуха Іуэхухэм нэхъ зыубгъуауэ дыщитепсэлъыхьын папщІэ, - жиІащ Медведев Дмитрий, Тыркум и президент Гюль Абдулла зэрыІуащІам кьыриІуэ,ащ журналистхэр щыщІэупщІэм.

Ди Президентым тхьдэ мыхьэнэ иІэу жиІащ Тыркумрэ Урысеймрэ я щІыхуэхэр дяпэкІэ визэнэщхуэ зэрызэхІэлъыкІуэнум теухуауэ зэрызэгурыІуам.

Я щІыр ирагъэбгынэнут

Багдад къыщыдэкІ «Аль-Иттихад» газетым зэриІуатэмкІэ, нужьрей зэманым Ираким съэлеиуэ теракт куэд къыщыхъуми, США-м и зауэлІхэр нэхъ пасу я къэралым и щІыналъэм ирашыжьынукъым.

Багдад, Басрэ, Эль-Хиллэ, Эс-Сууейрэ кьалэхэм теракт-хэр зэрыщалэжьам, США-м и зауэлІхэм ятеуэурэ зэхэуэ гуащІэхэр зэрыращІылІам я зэранкІэ щІыхуэ 100-м щІигъу хэкІуэдащ, Ираким щыщ щІыхуи 100 бжьыгъэхэр уІэгъэ хьуащ.

Америкэм и сэлэт мин 50-м Ираким и щІыналъэр ябгынэн щыщІадзэнур щыщІхьэІум и иужьрей махуэхэращ. Дзэр кьрашьыжьныр зэфІэкІыкІ хуейщ 2011 гъэм и кІэхэм.

Ноль

♦**Тенджьэ фІыщІэ флотым и махуэщ**

♦2000 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ къэралыр федеральнэ щІыналъыблэу зыгуэш унафэм.

♦Накьыгъэм и Г3-14-хэм Урысейм къэрал Іуэхукіэ щыІэнущ Бразилиеми и президент Луис Инасну Лулэ да Силвэ.

♦Накьыгъэм и 13-14-хэм Алма-Ата (Къэзахстан) щекІуэкІыщт Европэм щыщІэупщІащІэм зэдгъэкъыщІэмкІэ и зэгухьэныгъэм (ОБСЕ-м) хэт къэралхэм я Трансазиат парламент зэІущІэ.

♦1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэщышІэхэм зыкъыхІэтащ.

ПІашэтэр зыльэкъуэдыр **ГЪУЩІО Зарифы.**

Лъэпкъ Іущагъэ:

ЩІэгъуэм хъуапси, щхэгъуэм ухъуэпсэжьынкъым.

● Нэхъ пуду

Іэ тезыдзэхэм я махуэпщІ

Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ КъБР-м и кьудамэм республикэм щыпсэу псори Іуэхущ Іапіэхэри ирегъэблагъэ 2010 гъэм и етІуанэ илъэс ныкьуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тридзэным теухуауэ накьыгъэм и 13-м кьыщыщІэдзауэ 23-м нэсыку екІуэкІ урысейпостым Іуэхум я хэзыныу.

А лъэхъэнэм кьыриубыдэу фэ щІыналъэм кьыщыдэкІ газет, журнал псоми, Москва къыщыдэкІ газет, журнал зыбжанэми Іэ тевдзэ хуэпщІ зэрыщІ и Іуэхуэхэхэр зи уасэхэм нэхьрэ проценти 10-кІэ нэхъ пуду.

Накьыгъэм и 13-м къыщыщІэдзауэ 23-р къэсыху пощт Іуэхущ Іапіэхэм фыІухъэ икІи уасэ пудхэмкІэ газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м КъБР-м щІэ кьудамэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

2010 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым ыдыгъэкIа Указ №41-УП-мкIэ къыдатащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Къалэуху Іуэхухэмкіэ щыІэ советым хэтхэр

Къанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр *(Къалэуху Іуэхухэмкіэ советым и унафэщІ)*

Меркулов А. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствым и Унафэщыр *(Къалэуху Іуэхухэмкіэ советым и унафэщым и къуэдзэщ)*

Абрэдж І. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрыр

Асанов В. Хь. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм хэтыр *(эзгурыІуаущ)*

Атаманенко Ю. Н. - Май муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Баф А. Ж. - Бахъсэн-Іэшхэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Бищо С. Т. - «Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ творческэ организацэм и къудамэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и Художникхэм я зэгухьэныгъэм, и правленэм хэтыр *(эзгурыІуаущ)*

Кьаздохьу А. Б. - Бахъсэн муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Къаз М. М. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщым и къугьэкІэр *(эзгурыІуаущ)*

Къанокъуэ А. Хь. - Аруан муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Карасев М. Кь. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыІуаущ)*

КхъуІуфэ И. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и къуэдзэр - архитектор нэхъыщхьэр *(Къалэуху Іуэхухэмкіэ советым и секретарыр)*

Логоватовский Ю. С. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и правленэм хэтыр *(эзгурыІуаущ)*

Макаров В. В. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Мэкъуауэ А. Хь. - Лэскэн муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Мамбэт М. Хь. - ШэджэМ муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьынымкІэмрэ сатумкІэ и министрыр

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Пуэмокинэ Ю. В. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Смертюк Б. С. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм хэтыр *(эзгурыІуаущ)*

Соттаев Кьу. С. - Іуащхьмахэр муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Суищ А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Тарарин Д. Н. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и правленэм хэтыр *(эзгурыІуаущ)*

Темиржанов М. О. - Шэрэдж муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Темыркъан Г. Ж. - «Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ творческэ организацэм и къудамэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщым *(эзгурыІуаущ)*

Техин В. Л. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и правленэм хэтыр *(эзгурыІуаущ)*

Уэнаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствым и Унафэщым и къуэдзэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щнхабзэмкІэ и министрыр

Хьагъэ З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ *(эзгурыІуаущ)*

Шэт М. Н. - Дзэлыкъэ муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщыр *(эзгурыІуаущ)*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м *№144-рп*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и ІуэхущІапІэхэм Иуэкъеиныгъэ и махэушхуэ тегъуэ гуфІэгъуэхэм хэтыну кІуэдыкъуІэхэу муниципальнэ куейхэмэ я къалэ округхэмрэ егъэбыдыдІапхъэм я спискэр кьащтэн.

2. Муниципальнэ куейхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я нэІэ трагъэпшпхъэщ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Іуэхущапхъэм гъэ ешхэгъуэр зэриухым пыщІауэ щрагъэкІуэкІыну Іуэхущгъуэхэм я чэзум зыхуэгъэхьэзырыныр.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхущкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щЫэм чэнджэ етын гуфІэгъуэ зэхьухьэр щекІуэкІыну щІыпІэхэм щынагъэншагъэр кьащІыгъэпэщІыным хуэунэтІа Іуэхущгъуэхэр эфІихыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныр и пщІ дэтхъэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дышэкі М. Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МЕРКУЛОВ Александр.

● Фэеплъ

Тет Алимбэч хэкІуэдащ

Гъубж кІуам Акъбащ Ипщэ къуажэм щыщІалъхьащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ППСМ-м и щІыпІэ-гъэзэжьыныгъэм и лажьакІуэ милицэм и лейтенант Тет Алимбэч.

2010 ГЪЭМ накьыгъэм и 9-м сыхьэт 23-рэ дакьикъэ 45-м Кавказ федеральнэ гъэзэгум и 429-нэ километрым дежи щыІэ «Бахъсэн» гъэзэгум тепостым Іэщэкіэ зэщІэуэзэщ щІэпхъаджащІэхэр щытеуам, Тет Алимбэч къызэмылын уІэгъэ къэхутехущ.

Зи ныбжьыр илъэс 25-м нэмыса я кІуэжьгъэр иужьрей гъэзэгуанэм трагъэувэну зэхуэсат Тэрч куейм хыхьэ Акъбащ Ипщэм щыпсэуэхэр. Къэхъуар гущІыхьэ зыщыхьэ нэхъыжьхэр щымт. ЩІалэщІэм и гъащІэр зэхъуэкІыпхъэуу къатеуа бзаджащІэхэм щыІэщІахьІэ, ахъуэдэ хэщІыныгъэр бгъэвэну гугъуц. Сыт зыхуэйр ахэр? ЦІыхум и гъащІэр кьызэрІуатыдыну хэт абыхэм хуитыныгъэ езытар, абыхэм я адэ-анэхэм я бынщІэпхъаджащІэхэм ялэжьащхэмкІэ щхьэ жэуап ямыхьэ? А гуаузм кІэрихьэлІэхэм ящыщ дэтхэнэми апхуэдэ упщІэхэр зритыжьырт.

Тет Алимбэч и унагъэмрэ и Іыхьлыхэмрэ яхуэзгуэващ хъэдэн кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ милицэм и генерал-лейтенант Томчак Юрий, Тэрч районадминистрацэм и Іэтащхьэ Пэнагуэ Максим, КъБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм, щыІалъэ зэгухьэныгъэхэм щыІэ УВД-ОВД-хэм я унафэщІхэр.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ППСМ-м и лажьакІуэ, милицэм и лейтенант Тет Алимбэч МуІэед и къуэр 1985 гъэм бадзэуэгъэм и 31-м КъБР-м ыхьхэ Тэрч куейм щыІэ Акъбащ Ипщэ къуажэм къащІалъхуащ. 2009 гъэм бадзэуэгъэм и 23-м Къэрал кІуэцІ органэхэм лэжьэн щыщІэдзащ. Ар хэкІуэдащ и кьалэныбжьыкъэр щымт. ЩІалэщІэм и гъащІэр къызэрыкІуэ, милицэм и щІэблэхэм я дежкІэ ар лІыгъэмрэ къызэрІэмыщІэныгъэмрэ я щапхъэу щытынущ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текІуэныгъэкІэ зэриухэр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлІэу Іуэху дахэ куэд щекІуэкІащ Налшыки ди республикэм и кьалэхэмрэ къуажэхэмри. Абыхэм ящыщ накьыгъэм и 8-м КъБР-м и Къэбэрдей-Балькъэр щыІэ Къэрэ-Мурзэ Сурэтыщі гъэзэджэхэмкІэ музеймрэ кьащыщэзІуахэ гьэпсэгъэныгьэхэр.

Есипов Сергей и псалъэ.

Зауэмрэ ТекІуэныгъэмрэ я сурэт

ЛЪЭПКЪ музейм и пэшхэр зыуфэбгъуэ хьэпшып зэхуэмыдэхэм, лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэм зауэ гущІэгъунШэмрэ текІуэныгъэ Іофымрэ я сурэтхэр ныІуэу уи нэгу кьыщІагъэувэрт. Зы лъэныкъэмкІэ щыболъагъу Москва дэт Іэщэкіэ зэщІуэзэщ къарухэм я музейм и гъэтІылъыгъэм щыщхэмрэ ди Лъэпкъ музейм ихъумэхэмрэ. Абджыпсхэм ильщ сэлэт щыгъэин-лъыгъэинхэр, танкистым и фэмильхьэгъэхэр, дамэтель зэхуэмыдэхэр, зауэ зэманым хахуагъэ зезыхьэ щІыхухэр зэрагъэльапІэу щыта дамыгъэхэр, нэгъэщІ куэдри. Фронтым шхын зэрыщІагъэхьэзыгъу щыта шыуан зэхэзыхьэ ІапІэхэм пльэныкыІыу урагъэгупсыс «абы и фэм» дэкІам хуэдиз зыгъэва цІыхум, кьэзымыгъэзэжакъэм я гур, я псэр зэрыуфІцІам, ахэр зыпхъкІа мафІэ лыгъэйм...

«ТекІуэныгъэ Ин» зыфІащ гьэльэгъэныгъэм и етІуанэ Іыхьэу ядрей пэшым щІэтщ Іэ.Іэбэрдей-Балькъэрым и скульпторхэм я Іэжьыгъэхэр, блынхэм фІэльщ сурэтыщІэхэм я Іэдакъэщіэкіэхэр. Псалъэм папщІэ, псэр яхьэу, нэпсыр кьрагъакІуэ зи топщІэм «За Родину! За Кавказ!» псалъэхэр тепльагъуэ сэлэтым и тепльэм (Катони Станислав и «Адэм и сурэт» - лэжьыгъэ). Катони Станислав «Дэ дытекІуащ», Ахматов Лиуан «ТекІуэныгъэм и вагъуэ», Тхъэкіумашэ Михаил «Анэр мэщыгъэ» я скульптурэхэм, нэгъэщІэгъэ Іуэхухэм. Апхуэдэуи сурэтыщІ цІэрыІуэхэу Црым Руслан, Пак Галинэ, Кочергин Владимир, БакІуу Владимир, Жылэ Анатолэ, Плотников Василий, Алексеев Сергей, Имарэрэ, Болэт Людмилэ, Колкутин Андрей сымэ, нэгъуэщІ куэдми зауэр, а псалъэм кьыпкърыкІ гупсысэ псори щІагъыщІэлъ зыхуаща Іэда кьэщІэкІэхэр гъэльэгъуэным и жэрдэмщІакІуэр КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэрэщ.

Лъэпкъ музейм и унафэщым и кьалэнэхэр зыгъэзащІэ **Накуэ Феликс** зэлущІэр кьыззэІуихри, ялэ псалъэр иритащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДышэкІ Мадинэ**.

- Мы махуэхэм Іуэхугъэ зэхуэмыдэу щэм щІигъэу щоІуэкІэ ди щІыналъэм, нобэ кьытхэт ветеранхэм пщІэ зэрыхуащІу, кьэзымыгъэзэжакъэм я фэеплъыр зэрагъэльапІэу, - жиІащ Дышэкіэм. - Мафхуэдэуэр кьыззэІуэпэщахэми абы хэт псоми фІыщІэ яхузощІ. Мы музей хэпшып тлъагъуэхэм иджыри зэ кьытхуаІуэтэжа зауэ гъэзэвэгъэм и хуэдэ дэри кьыщІэхьуэ щІэблэми Тхьэм димы гьэльагъуэкІэ.

- Етхьэжьа Іуэхур зыхуэзнэпІар щІыналъэхэм щыІэ музейхэм ямыІэу дэ дызыкъуэкІ ельей хьэпшыпхэр тшэрэр гьэльагъэуэныгъэкІэ зэгъуэсэуу кьызэдгъэпэщынырщ, - жиІащ Москва дэт Іэщэкіэ зэщІэуэзэда къарухэм я музейм и унафэщым и къуэдзэ **Есипов Сергей** - Си гуапэщ КъБР-м и Лъэпкъ музейр зэрыкъулейр, ауэ зауэ илъэсхэм дэ зэхуэтхьэса хьэпшыпхэм хуэдэ зиІэр мащІэщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми кьыждаІэ нобэ псэу дэ текІуэныгъэм кьытхуихьар зыхуэдизыр.

Зауэм ди цІыху куэд зэрыхэкІуэдам, абыхэм зэрахьа лІыхъужьыгъэмрэ, ди Іэпэрлым дежкІэ гъэзэвэгъэшхуэу щыта 1941-1945 гъэхэр гуязаджэм кьыщыгъэльэгъуа зэрыхъуам, нэгъэщІэхэмэ тепсэныгъэ зэІуущІэм кьащыщпсэльащ КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадийрэ** Бетеранэхэм я Налшык кьалэ ветеран и тхьэмадэ **Абдулаев Мустафарэ**.

«Хэку зауэшхуэм хэта сурэтыщІхэм я фэеплъу» Сурэтыщі гъэзэджэхэмкІэ музейм кьащыщІэзІуахэ Іэльэгъэныгъэм утыку кьащІрахьащ зауэм хэта сурэтыщІхэм я Іэдакъэщіэкі скульптурэу, живопись, графикэ пэжьыгъэ музейм и гъэтІылъыгъэхэмрэ ветеранхэм я щІэблэм яхьумэжрэщ. Хэку зауэшхуэм и гуІэгъуэ илъэсхэм драгъэплъэж, текІуэныгъэм и нужь илъэсхэр ди нэгу кьыщІагъэхьэ псори зи нэкІэ зылъэгъуа сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэм. Гъэльэгъуэныгъэм и курыхщ Сындыку Тобий, Ваннах Михаил, Трындык Николай сымэ зэуалІэм щащІа сурэтхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэр. Абыхэм я графикэу гуасэ зимыІэщ, тхьэдэм и пэжьІпІэр, цІыхум и псэм щыщІэр наІуэу къагъэльэгъуэфащи. Зауэ гъуэгухэмрэ ебгъэрыкІуэныгъэхэмрэ, зэхуэу гуащІэхэмрэ -эбыхэм яужь зэманхэмрэ, зэтекъута кьалэхэм, къуажэхэм я тепльэмрэ щІэхуэхэм я шыфэлІыфэмрэ, хэщІыныгъэм и дыджагъымрэ тепсэныгъэм и Іэфіагъымрэ - ахэр псори зыльэгъуа цІыхухэм я Іэдакъэщіэкіхэр фэрыщІагъ льэпкъ зыхэмылъ пэжьыгъэм и пщалъэщ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хэку зауэшхуэм хэтахэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу. Сурэтыщі-ветеранхэр 12 хъуэ щытати, нобэ яныхъэ гъэзэджэныкъым, - жиІащ Сурэтыщі гъэзэджэхэмкІэ музейм и унафэщІ **Жантудуевэ Елизаветэ**. - Ахэр сурэтыщІ гъэзэджэт, льэпкъ гъэзэджэным и щхьэ зыпсэ зауэм и гъэугум ирикІуауэ, ар зищІысыр и нэгу щІэкІауэ.

Хэку зауэшхуэр зэририхьэлІэу илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлІэу зыкъзэрагъэпэща Іуэхухэм яІэ мыхьэнэ иным тепсэльыкъащ **Абдуллаев Мустафа**.

- НыбжьыщІэхэм, сабийхэм ящІэращ, я гукъэкІыращ дэ нобэ дызыщІыгуфІыкІыр. Мыбы сыкъэсыху цІыху куэд кьызбгъэдыхьащ сэлам кьызахыну, абы симыгъэгушхуэри кьэнакъым. Зауэм хэта, сымаджэу унэм кьыщІэмыкІ цІыху 700-м я деж кІуащ мы махуэхэм щІалъгъуалэр. Абы нэхъыбэ сыт хуэйр си ныбжьыр хэкІуэта, узыр кьызэІэ, текІуэныгъэр кьытхуэзыхьа нэхъыжьыфІхэр, - жиІащ абы икІи зэІущІэм кьрихьэлІащэм елъэІуащ уэрамым ирикІуэу ветеран яІьагъымэ, бгъэдыхьэу Іэпплэ хуащІыну, ар ягъэгушІэныну. Я зэгъэгушІэныр, - гуфІэжьу кьыскъуишиящ «Знамя» журналым и етІуанэ номер 1962 гъэм кьыдэжьІащ. Абы итт Жуков Юрий и тхыгъэ «Карпатхэм уизышэ гъуэгу» жери. Тхыгъэм псалъитІыщ кьудей хэтт танкист Къардэным теуІуауэ. Жук ошэм зэритхымкІэ, «Танкым и командир, адыгэлІ хахуэ, лейтенант Къардэным нэмыщІ бронетранспортерыр ирихужьащ, ауэ сэмэгурабгъумкІэ кьыкъуэукІа «Тигр»-р а ІэшкІ кьытехуэрэ, Къардэныр абдеж щыхэкІуэдащ».

А пщыхьэщхьэ дыдэм Анатолэ сэрэ письмо яхуэттхащ «Знамя» журналым и редактор Кожевниковымрэ езы Жуков Юрийрэ. А тІуми дэ кьыджаІэфар зыщ: «Къардэным и щІэр Къэбэрдащ, и адэр Лэкъумэнщ». ИужькІэ Дзэ архив нэхъыщхьэм ттхащ Къардэным и хьыбар кьэтщІэну икІи адыгэ танкистым и командирым итхауэ щыта тхыгъэм щыгъуазэ дыхуащІащ. Апхуэдэу къэтщІауэ щытащ Къэбэрдей ЛІыхъужь цІэр хуагъэфэщауэ кьыдэзырамытар. АбыкІэ Анатолэ хьыбар яригъэщІащ Кьубатий, Хьэбалэ, Гуащэкъэрэ, КІурацэ сымэ, зэхуэхьэса хьыбархэр Таннис тхэм я махуэм ирихьэлІэу республикэм кьыщыдэкІ газетищым 1962 гъэм трыригъэдзащ. Ар дыдэр ихуащ ятІу кьыдэжьа «Къэбэрдей Балькъэрым и зауэ щІыкъэ» тхылъым.

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 20 щрикъум Анатолэрэ сэрэ дыкІуащ партым и обкомым икІи зэхуэхьэса тхыгъэхэр и пащхьэ итІыльхащ абы щыгъуэ секретару лэжьа Шэджыхьэщ Мухьэмэд, обкомым и щэкІэ а Іуэхур Москва кьыщащІэтыжьну дыпльайуэ. Курэ дэмыкІыу ар кьыздэжащ икІи кьыджаІащ дызэрызахэкъэр, Кьэбард д, пэж дыдэу. ЛІыхъужь щІэр кьыфІащыт хуейуэ зэрыщытар, арщхьэкІэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указым хэхуакъым апхуэдэ щэм я Іуэхум щІэщхьэу хэпльэжу зэрымыхабзэр, «Апхуэдэу щыщыткІэ, хэІущІыу фымыщІ, - сэ зыкьыхсчІыззэрэ, фымыгтх «ЛІыхъужь ящІын хуейуэ къагъэнащ», - жыІэу». Арщхьэкіэ Кьардэныр ди щхьэм иныртэжьыпІ, Москва ямышІэкІ «Заутхэщ» журналым Анатолэ игъэхащ Кьэбард и Іуэхум и пэжьыпІэр зэрыт тхыгъэ. Абыи жэуапу кьыдат ар лъэр щІэзымыгъэкІт.

Іуэхум кьыкъэтІэну дыхэт ащ Кьубатий, арщхьэкІэ ар Кубэм щыІэтт, етхьэжьа Іуэхур и кІэм нэдгъэсыну кьыдэлъэужащ. Абыи деплъащ, ауэ Іуэхур и пІэ икІакьым, Горбачев Михаил кьэрал ушэтакІуэ зэхъуэкІыныгъэхэм щІидзэх. ЗэманыщІэм дигъэгушхуэри, дэ аргуэру кьэтІэтэкащ Кьэбард и Іуэхур. Кьардэным и Іыхьжьыщхьэм теуІуа нэтІанэ зэрадзэкІыну, радиомкІэ кьэста нэужь, си деж зэнщІэу кьэпсэльащ партым и Кьэбэрдей-Балькъэр обкомым и секретарь Зуйкуновым икІи кьыхэзгъэІэрыгъэхьэну щІэльэуащ. Ар псынщІэу зэрагъэпэщри, Москва ирагъэкІащ. Куэд дэмыкІыу Президиум Горбачевым и мафІэкІэ кьыдэжащ зи Іуэху дахуэхуэу щыта зауэлІ 22-м я цІэхэр. Ди республикэм щыщу абы тІу хэхуащ: Кьардэн Кьэбардрэ Умаев Мухьэмэдыррэ.

Украинэр нобэ кьэрал щхьэхуэщ. Абы и Чортков кьалэм удыхьа нэужь кьыпщІохъу уахуэзэу я 1-нэ Жраин фронтым и ялэ танк бригадэм хэтахэм, сыту жыІэпэ абы и уэрамэм зэрадзэ абыхэм я щІэхэр. Кьардэн Кьэбард и щІэр зыфІаща уэрамым дыхэпищІэу щытащ адыгэхэмрэ украинхэмрэ. Адыгэ щІалэм и щІэр нобэ зэрихьэу пІэрэ а уэрамым? Апху зэрыщытмэ, Украинэр щхьэхуэмэ, хуэкъым ар ди хамэ.

АФІЭУНЭ Рае,
журналист,
Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ.

Сурэтыщіхэм я Іэдакъэщіэкіхэр.

Дыщэ Вагъуэм и тхыдэ

«Хьыбарым и пэр умыщІэмэ, и кІэрп пщІэркъым». - ЖиІащ псалъэжьым. ИтІани сэ мы хьыбарыр и кІэм кьыщыщІэздзэнущ.

Къардэн Кьэбард зэрыс танкыр мафІэ бзийм илыпщІырт. Ауэ щІалэм и Іуэхур идыкьри зэкІыпІэнщэтэкъым. Хьунут ар идыкьри кьыпщІэ танкым. И Іэр пІэтрэ и щхьэр бийм хуигъэщхьэу зит. Ауэ ар зэкІыпІэтэкъым Кьэбард дежкІэ. ЩІалэ губжьам и гу пщтырыр егъэщІэкІырт мафІэ кьэнащІащ. Дэпльапіэ зэф цІыкІумкІэ абы кьилыльхьэрт зи щэ кьытехуа «Тигр»-р. Арати, кьилъэгъуащ кьуэгъэнапІэм кьыкьэжІа бийм и жыр машинэр, тригъэпсащ, еурри - машинэр кьэлыдащ.

Кьардэн Кьэбард

Кьубатий и щхьэгъуэмрэ и кьуэш нэхъыщІэ Хьэбалэрэ и гъусэу. *1946 гъэ*

● Гукъэкіыжхэр

КъЭБАРД и Іитіыр кьаруиншэу Іэпэхуащ, тІысылІэм зригъэшІри Іугъуэ фІыцІэм щІиуфащ. Яужь дыдэу абы и нитІым ялъагъэкІр Іуэгуейр кьызыдих Чортков кьалэм и гъэпсыкІэ щыхьэщхьэрщ, ауэ, зи абы и гум кьыдридзэкІ, и нэгу щІэкІыжкІр Шэрэджыкъ и Іуфэм кьыІуэ и кьуажэм и дэкІыпІэ щэху цІыкІуэрщ, сабий зеиншитІыр кьыщІэпІэ я унэ нэщхьейрщ...

И дэпльум теуХуа и гуфІыкІыжхэр мыпхуэдэу кьыскъуиуэтэжауэ щытащ абы и щыпхъу нэхъыжь Жынэ КІуэращэ: «Сэ Мысостэ? Ар ушагъуэ сыдэст, си дэпльу нэхъыжьитІыр зауэм щыІэт. Ди адэ-анэр псэуэктэжьыну, Аушыджэр дэт си дыщ унэм кьыщІэнар си дэпльу нэхъыщІэ цІыкІу Хьэбалэрэ абы нэхърэ нэхъ цІыкІуэ Гуащэкъэрэрэт. Абыхэм си псэр яхупихыу сыпсэуэрт, щІэхщІэхыурэ сыкІу эжырт, сажьыщІэрт; садэІэпльыкъурт. НэхъыжьитІым я письмо къэкІуащ, псоми ди гуфІэгъуэрт.

Гуаузшхуэр кьыщытщІэу ам, сэ занщІэу зэхэсакъым. Гъатхэт, пщІэнчъэ, губгъуэм сыщыІэ, сыщІэпсэу щхьэгъусэм ингъэкІащ: «ПсынщІэу укьыззэрысыжьын», - жери. (Ар езыр уІэгъэ телъу отпуск кьагъэкІуэжати, обкомыр щІэлъэІури зыгъэпсэуну ди къэлэсыжьм и щІэм фэщІу лажьэрт). ФІы уигу кьэкІынт: «Си дэпльхэтІым дэтхэнэ мыгъуэра?», хьэмфІанэр хьифІэзэдзэу: «Сыдэ ныжьыжьхэр, - жи си щхьэгъусэм и пэнситІыр щІилъэщІыкІыуэ. ПІэщІэгъэщІэ дыиэсащ Аушыджэр. Льэпкъри хьэблэри зэхуэсауэ, лІыжь зытІущи дэсу, хэт гъэгъуэ, хэт щІэнту ямышІэу гужьеяр»? нэщхьейуэ, - у зижьагъэр апхуэдэ пщІантІэ щІыхьэт. «Кьэбард ящІащ, Кьубатий гуэрэр ящІым дауэ дыкьыуІэ, - жаІэуэр гъырт сабий нэхъыщІэхэр.

Кьэбард зэрыщымыІэжьмкІэ унагъуэм письмо кьахуэзытхар Кьэбард и ныжьыжьгуфІхэу кьыдэзэуэ офицерхэрат. Ар Хьэбалэ и щэкІэ кьэкІуауэ щытащ. «Хьэбалэ, ди командир хахуэ Кьардэн Кьэбард и кьуэш Іьапі». Дэ Іэмальнышагъэм дриухуащ кьэбард гъуэ зэпсэльыну. Уи кьуэш, ди ныжьбжъгуфІ, офицер хахуэ Кьэбард гъатхэпэм и 23-м 1944 гъэм зауэгъащІэм хэту лІыгъэ хэлъу и псэр итащ, - итт а письмом. - Уи дежкІэ Кьэбард зэрауклар, дауи, хьэльащ, ауэ уи фІэщ щІы, ар дэрКІи гуауэщхуэщ. Дэ тхъэ пхуфІоІу я абы илъ тщІэжьну...»

Сыткіэ ящІэнт Кьэбард и ныжьжьгъуэхэм ахэр зэщхьэкІуар зэрысабийр. Хьэбалэ а зэманым и ныжьжьыр илъэс 13-т зэрыхъуар. Ар зэм кьыщыдыр ти гъырт, зэми ЛІыжь цІыкІу хуэдэу зэпІыгъу гуэракІуэ кьыдыхьэхэм яхэтт.

Кьубатии занщІэу зэхихакьым и щыпэжьхьэщІэм и кІуэдыкІар. Ар уІэгъэ хьуауэ госпиталым щІэльти, и Іыхьлыхэр щысхьащ занщІэгъуэ, уэр жраІэну. Быныи я я хьэжьыр Кьубатийри, ар я щапхъэу кьэтэджат Кьэбард адрей нэхъыщІэхэм. Кьубатий дэ еджапІэ щэтІысхьэу лётчик Іэщагъэм хуеджэн щыщІидзам щыгъуэ, Кьардэнхэ я унагъуэм ильыр уафэ хьыбарт Кьэбард хуабжьу щІэхъуэпсыр и кьуэш щыІэм хуэдэу лъэтэжу.

«Кьэбард летчик Іэщагъэр кьыхихыну сэ хуэздауэ щытакьым, сыту жыІэмэ сэ кьызгурыІуакІэт ар Іэщагъэ гугъу кьудей мыкъуу, щынагъуэу зэрыщытри, - жу кьитхьжьыжырт Кьубатий. - Сытми, кьэзгъэдаІу эри автотехникэ еджапІэ щэ тІысхьэну дызэгурыІуащ, арщхьэкІэ зауэм е езым зэрытхьэхуэжащ Іуэхур: автотехникэ еджапІэ танк училищэу зэрахьэкІыжри, Кьэбард тІэкІурэ Полтавэ щеджащ, итІанэ училищэр Псыхуабэ кьалъэпхьэуащ.

Иужь дыдэу зэкъуэшитІыр щызэхуэзэжар Псыхуабэщ, 1942 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм. И ныбжьэгъу щІалэ Семенов Николай уІэгъэу ар кьхьухьлъатэкІэ Псыхуабэ кьыхьат Кьубатий. Абы щыгъуэ абы и кьуэшыр кьилльыхьуэжри, а тІум хуэд зэкъпІэу зэбгъадэсат Кьэд дэмыкІыу Кьэбард щеджэ училищэр ягъэІэпхъащ Мары кьалэм. Аращ Кьэбард еджэныр кьыщиухар.

Тхылъхэм кьызэрадгъэзэжымкІэ, Кьэбард д танк училищэр кьызэрагъэкІыу бадзэуэгъэм и 14-м 1943 гъэм зауэм Іухьащ. Ар зыхэхуа танкыдзэу генерал Катуков зи унафэщыр щыІэуащ Курск, Киев, Харьков и Іэщэльащэхэм, як эт ащ Украинэр хуит кьэзыщІыжахэм. 1943 гъэм щыщхьэІум и 24-м летчик хахуэ Кьардэн Кьубатий зауэм щызэрихъэ лІыгъэм и дамыгъэу кьыріащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ Іьапіэр. Абы щыгъуэ ар Кубань и уафэм щызаІэрт, Кьэбард Украинэр хуит кьыщыкьэрт. Кьэбард хуабжьу щыгъуэ ар Іуэхум и щІэкІ ящІэрт. Ар зэ ныжьыжьхэм я щІэкІ ящІэрт. Ар ныжьыжьхэм я щІэкІ ящІэрт. Ар ныжьыжьхэм я щІэкІ ящІэрт. Ар

● Ди фейдэ здэщыIэ щIыпIэ

Арктикэми и Iыхьэр къыхегъэкI

Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир иджыблагъэ Арктикэм щыIащ. Телевизорым къигъэлъэгъуащ ар мыщю хужьым еплъу зэрыщытар. Гурыгъэгъуэщ а псэущхьэм хунIэ лъагъуныгъэм къызэрыхэмыкIар Премьерыр щыпIэ жыжьэм кIуэныр.

ЕЗЫ ПУТИНЫМ зэрыжиIэмкIэ, Урысейм и фейдэ здэщыIэ щIыпIэщ Арктикэр. Мыр я хэщIапIэщ флотым и базэ нэхъыщIхьэхэм. Мыбы кIуэцIрокI Нищхьэр псы гуэгуф, экономикэмкIи мыхьэнэщхуэ зиIэщ. Зи гугъу сщIыр Арктикэм щIыпэпсыр зэрыкъулей куэд зэрыщыIэрщ.

Путиным жиIам псынщIэ дыдэу къыпеджакъэм ящыщщ «Гардиан» британ газетыр: «Кремлым Арктикэм и Iыхьэ зыIэригъжьэну аргуэру Iуэху зэрыхэрихуэм ар ирихьэкIрэлъэр егъэгужьеи»,- етх абы. Жыпо́энумэ, а къэралъэм ящыщ зым иджыблагъэ Урысейр гурыIуащ. УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Норвегием щыIэм хым щыщу километр зэбгъуэнатIэ 175-рэ зэхуэдитIу зэхуагуэшащ. Илъэс 40-кIэ иризэдуэат мы къэралитIыр а Iуэхум. ЗэгурыIуащ псы Iуфэм щIэтщIыхьэпс беягъкэр зэгъусэу кьыщIахьнымкIи.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, Ищхьэрэ Мыл хым и лъабжьыэм щехьумэ углеводороду дунейм нIэ гъэтIылъыгъэм и процент 25-р, напмэс, дыщэ, платинэ, нэгъуэщI налкъутналмэсхэкIэрри. УФ-р хущIокIу Арктикэм щыщу километр зэбгъуэнатIэ мелуан 1,2-рэ зыIэригъэхьну.

ЮРЬЕВ Виктор.
«Аргументы и факты».

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Iуэху

Сом мелуаным нэс

● Ахъшэ

Къэрал Думэм япэ еджэгъуэу кьыщIащ сом мелуаным нэс уней Iуэхущ1апIэхэм, щIыхухэм езытыфыну финанс Iуэхущ1апIэхэм теухуа хабзэм и проектыр.

ЗИ IУЭХУЩIАПIЭ къызэIуэхы хьэрычэтщIакIуэхэр гугъу йохь банкым кIуэцIуэ езыр зыхуейм хуэдизкI ящIэрт къащтэным теухуауэ. АтIэ зи лъэ теувэн щIэзыдзагъащIэр зэуэ ахъшэ хуэныкъуэр мэхъу, и лэжьакIуэм я улахуэр, налогыр, бэджэнд уасэр, нэгъуэщI куэди хигъэкIын зэрыхуейм къыхэкIыу. Банк инхэр хуейкъым зи Iуэхур мыин хьэрычэтщIакIуэм ахъщэ щIыхуэ иратыну, Ахэр щIöшынэ щIэзыдзагъащIэм и Iуэхур хуэмыгъэкIуатэмэ, щIыхуэри мыимышынджыфу къытенэнкIэ зэрыхъунум. Банкхэр апхуэдэ мылым пхутехьэнукъым, зыгуэркIэ тегушхуэми, щIыхуэм щхьэщытыкIыну къыхуигъэлъагъуэм езы хьэрычэтщIакIуэр пхуеувалIэнукъым.

Апхуэдэ хьэрычэтщIакIуэхэращ «микрофинанс Iуэхущ1апIэхэр» къыщIызэрагъэпэщыр. Сыт кредит мащIэм къикIыр? Къэрал Думэм хабзэм и проектыр щIилъхьэн и пэкIэ абы кьанэ щымыIэу щытепсэльыхьащ Правительствэм.

«Абы къызэрымыкIуэу хуэныкъуэщ фирмэ, Iуэхущ1апIэ мыинхэр. ТхыльымпIэу зэхуахьэсын хуейр мащIэу, куэдри къыкIэлъамыкIухьу ахъщэ щIыхуэр къащтэфынущ»,- жеIэ Премьер Путин Владимир.

Мыпхуэдэ щIыхуэ зытынухэм банккIэ уеджэ хъунукъым, псом япэрауэ, щIыхухэм я ахъшэ езыхэм яхьу мэнукъыми.

Вице-премьер Кудрин Алексей къелъытэ мы илъэситI-щым кIриубыдэу апхуэдэ щIыхуэу Урысейм сом меларди 150-рэ щатыну.

Хьэрычэт Iуэхущ1апIэ щIыкIу зиIэхэм «Урысейм и щIэтэкъуэн» я зэгухьэныгъэм хэтхэр куэд щIауэ пэпльэрт мыпхуэдэ хабзэ ди къэралым иIэ щыхъуным. Абы къызэрыщызжаIамкIэ, хамэ къэралхэм зы банк ин къэс щIыхуэ зыт кооперативу 10-м къыщыщIэдзауэ 100-м нэс хуоз. Ахъшэ щIыхуэ мащIэ зыт организацэхэр щIэгъэкъуэныщхуэщ хьэрычэт цIыкIымрэ курытымрэ заужьынымкIэ. Къэрал зызыужьахэм я ВВП-м и процент 40 - 70-р аэращ зи Iэрыкъыр.

ШИШКУНОВЭ Еленэ.
«Известия».

Къулейсызыгъэм и теплъэр

Долпо щIыпIэращ. Апхуэдэ теплъэгъуэ дыдэр мэлыжьыхь мазэм уи нэгу щыщIэкIынущ Тибетми Бутанми.

ЩIэтхымкIэ щIыдзыуей гуэркэр кьыдоощхуф, жаIэри.

Сыт атIэ бур апхуэдизу щIэпIапIэр? 1993 гъэм атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо рекорд ягъэувауэ щытащ Китайм и спортсменхэм. Абыхэм я хьэрхуэгъэрэгъуэхэм щэч кьыпрахьэрэтэкъым. текIуаэхэм допинг гуэр зэрызрахьэлIам, ауэ къэпщытэнигъэм зыри кьигъэлъэгъуакъым. Зэман дэкIыжауэ хэлъщIыIу щыхъуар китай тренерхэм я щхьэр - абыхэм спортсмэнхэм я щхьнхэм бу кIуэзу халъхьауэ арат. Цыхум къару хелъхьэ, и узыншагъэр ехьумэ, узхэм пэщIэтыфэ ещI, псом хуэмыдэу цIыхухъуэм дежкIэ сэбэпщ. Китайм и ресторан нэхъыфI дыдэхэм щхьныгъуэ лъапIэу, куэд зыпэмыгъэщу щагъэхьэзырыр корридепкIэ кудауэ ягъэжьа джэдырщ.

Долпо щIыпIэращ. Апхуэдэ теплъэгъуэ дыдэр мэлыжьыхь мазэм уи нэгу щыщIэкIынущ Тибетми Бутанми.

(нэхъ лъахъшэм кордицепсыр кьыщыкIыркъым). Гибридыр зэрыпсэуу щIым кьыхахмэ, граммыр еврэ 24-кIэ яхуэщэнущ. Араши, градуси 10 щIыIэу щыIэу мэлыжьыхь (апрель) мазэм цIыхуэхэр бгым докI, зыхуэрэгъуэхэм щэч кьыпрахьэрэтэкъым. текIуаэхэм допинг гуэр зэрызрахьэлIам, ауэ къэпщытэнигъэм зыри кьигъэлъэгъуакъым. Зэман дэкIыжауэ хэлъщIыIу щыхъуар китай тренерхэм я щхьэр - абыхэм спортсмэнхэм я щхьнхэм бу кIуэзу халъхьауэ арат. Цыхум къару хелъхьэ, и узыншагъэр ехьумэ, узхэм пэщIэтыфэ ещI, псом хуэмыдэу цIыхухъуэм дежкIэ сэбэпщ. Китайм и ресторан нэхъыфI дыдэхэм щхьныгъуэ лъапIэу, куэд зыпэмыгъэщу щагъэхьэзырыр корридепкIэ кудауэ ягъэжьа джэдырщ.

Бур къэзылъыхьуэхэм кIуэ пэтми нэхъ лъагэу заIэтын хуей мэхъу. Иужьрей илъэс хэм куэдым я гъащIэр щIатащ нэгъуэщIхэм я узыншагъэм щхьэкIэ кьащIи Iэгъэбгум.

● Шэшэн Республикэ

Лезгинкэм и бзэкIэ

Анэдэлъхубзэм и махуэм иращIэкIа зэхьхьэм лезгинкэ кьыщыфащ республикэм и президент Кадыров Рамзани.

Щэнэнбзэм и махуэр мы республикэм щагъэлъапIэ 2007 гъэ лъандэрэ, я лъэпкъыбзэкIэ 1923 гъэм япэу «Серло» газетыр дунейм кьыщытехьам трагъэхуауэ.

ХАБЗЭ ХЪУАЩ а гуфIэгъуэ зэхьхьэм цIыхухъуи цIыхубзи лъэпкъ фащэр ящыгъуу кьэкIуэныр. Грознэ кьалэм дэт Къэрал театр-концерт гъэльэгъуапIэм щызэхуэса псоми ягъэщIэгъуащ республикэм и президент Кадыров Рамзан, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Делимханов Iэдэм, Урысейм и цIыхубз артист, щэщэн уэрэдхэр зыхуэIам щIэрыIуэщIа Дагаев Валид сымэ тэшанкэкIэ кьызэрыкIуар.

- Анэдэлъхубзэм кьегъэлъагъуэ лъэпкъ щэнхабзэр зыхуэдэр, ар жылагъуэм цIыхугъэмрэ напэмрэя мардэхэр щызыхъумэ кьаруш, - жиIаш хэгъуэгум и унафэщIым.

ЩIэнэнбзэм зиужьыным, ар щIэблэм егъэщIэным зи гущIэ хэль щIэныгъэлIхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, егъэджакIуэхэм тыгъэ зэхуэмыдэхэр хуащIащ. Кьапщтэмэ, тхакIуихым сом мини 100 дэтхэнэми хуэзэу иратащ.

Зэхьхьэр яухащ Кавказ Ищхьэрэм фIыуэ щалъагъу лезгинкэмкIэ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светлан.
«Северный Кавказ».

Академик АБАЛКИН Леонид:

Губжьым и хущхъуэр - лэжьакIуэм хуэфащэ улахуэщ

«Аргументы и факты» газетым и упщIэхэм жэуап ирет академик АБАЛКИН Леонид.

- Уэ ильэси 8-кIэ и унафэщIу ущытащ СССР-м и Парт еджапIэ нэхъыщхьэм политэкономикэмкIэ и кафедрэм. ПщIэр, жыпIэр уи фIэщ хьэжрэт, хьэмэрэ апхуэдэфэ зытебгъауэрэт?

- Фы лъэпкъ зытегъауэрэкьым. Дэ дызыалъхуа зэманым дрибыщ. ЖысIэфынукъым псори зы гъэжалъэм дыкьыкIам жуэдэу дызэщIкьу, дызэгурыIуэу щытауэ. Ауэ кьыгтэщыт кьалэнхэм пэлъэщын гуп зэзгъэIуныр схуэфIэкIырт

- Уэ 1980 гъэм и кIэхэм Правительствэм ущылэжащ. Абы щигъуэм «къэралым и бохьщэм» гу анэшхуэ иIэт. Уэ ущлэжат кооперацэм, щIым, уней мылък ущыIэм ущуIэхуа хабзэхэм. Демократием урите лъхьэу, къэралыр щIыхухэм зэрадэIэпыкъун дей щыкIэм те ухуауэ укъэпсальэрт. Псори тэмэм жуэдэт, ау 1990 гъэхэм я кIуэцIым Рыжков зи пашэ министрхэм я кабинетым лэжьэн щитэтащ. Сыт хуэдэ щыуагъэт фIэщIэкIар? Къэрал Iуэхущ1апIэхэр уней мылъку ящIыну хуейуэ аргуэру тепсэлыхьэ зэрыхьуам дауэ уеплърэ?

- Зэгуэр Быков Ролан жиIауэ щытащ экономикэм и хабзэ нэхъыщхьэ хъуар: «Къэралым экономикэ псор кьызэрИэтын ахьшэ имыIэмэ, нэгъуэщI мыхьуми мэкьумэщI Iэнэтlэм пэрытхэр хуит ирыреш». Сэ иджыпстуи сыарэзэщ Быковым щIэн куэйуэ кьигъэувамкIэ. Ауэ нобэ зэуэ Iуэхур иригъэфIэкIуэжину си фIэщ хъуркъым къэрал мылъкур зэрыщыту уней тщIыкIи, ди щIинальэм и беягъыр зэрыщыту къэралым кьыхуэдгъэнэжкIи. ХэкIыпIэр зэдэщIэр монополие инхэм дебэныныщ. Жылагъуэм ищIэн хуейщ ахэр зищIыскIэ зэгъэхьэмрэ. ИтIанэ абыхэм жаIэфынкъым тэмэму тхуэмыхууа сату щIэдзауэ псомкIи кьуанщэр. ЩIыIэщ иджыри дыкьэзыIэльхьэу нэгъуэщI зы бэлыхьи - экономикэр зэрыригъэфIэкIуэну щIыкIэр убзыхуауэ щыткъым. «Фи Правительствэм иIат Iуэху гъэбелджылахэр, япэ игъэщIыпхъэхэр щхьэ фымыгъэзэщIар?» - жызыIэни щыIэщ. ИIат, ауэ езы Правительствэм кьыIэщIэухат цIыхубзэм кьыхуищI дзыхьыр. Иджырей Правительствэм дзыхь хуащI. ЗэкIэ.

- Куэдым ящIэжу къыщIэкIынукъым. 1960 гъэм хамэ къэралхэм бэджэнду щыIалъэхэр кьыIахыу зэрыщытар, ди деж кьыщалэжь лыр апхуэдизкIэ куэдти. ИтIанэ къэралыр и пIэм иуджыкъу щидзащ, хьэпшыпри ерыскъыри зэпэубыда хъуащ. ПэкIу дэкIри, нэкулэр тыкуэнхэм щIэлъмэ,фIы дыдэу дыпсэууэ къэтлыытэу дыхуежьащ. Иджыпсту яхтэ зиIэращ кулейуэ ябжьр. Сыт щIэн хуейр улахуэ тэмэмыр ди псэукIэр зэрефIакIуэм и нэщэнэ хъун щхьэкIэ?

- Европэм щыпсэу зы кьулейм кьулейсыз 6 хуоз, ди дек зым -17. Цыхур фыгъ уэ ещI, егъэгубжь лажьэу, ауэ улахуэр мащIэ дыдэу и гъащIэр ихьын хуей щыхъукIэ. Зы махуэм пхуэгъэзэкIуэжьынукъым мы щытыкIэр. Ауэ, цыхур псэун щхьэкIэ я нэхъ мащIэу иIэн хуей хэхъуэр тэмэм дыдэу кьэбжауэ, кьулейсызэм налогыр ящхьэщыхьи, кIэлъыкIуэу - уэздыгъэм, газым, псым, н.къ. щIитIым хуэзгъэщIын, итIанэ и улахуэр хуэгъэхъуэн хуейщ. Апхуэдэущ цIыхум и псэукIэр пхуегъэфIэкIуэнущ, кьулейсыз дыдэхэм я бжыгъэм пхуэгъэщIынущ. ЕгъэджакIуэхэм, дзэм хэтхэм, милицэм, бюджетым епха нэгъуэщIхэми я улахуэр нобэкIэ кьыгъэрымыкIуэу мащIэщ. Ар зыгъэувыр кьэрал кьулыкъущIэхэр щыараКIэ, зэуэ тхьэкIумэкIыхьит! кьаухуэкIынущ: бюджетникхэм я улахуэм хухрегъахьуи, уней Iуэхущ1апIэ зиIэу цIыху зыгъэлажьэхэми ар дыдэр ямыщIэу хъунукъым, лэжьакIуэнщэу кьэмынэн щхьэкIэ.

- Ди экономикэ хуэхэкIэр, нэхъ лъэщыр кьелынщ, зэрыжаIэм трыращIыхь...

- Урысейр и КонституцэмкIэ социальнэ хэрэлыгъэщ. ЦIыхубзм жиIэращ,икIэм-никIэжьым, псорри зытращIыхьыжыр. ЗыхуэзэфIэмкIыр нэхъри ебгъуэныр абы кьыпхуидэнукъым. Ар икIи напэми цIыхугъэми кьеезэгъыркъым.

Дэ кьыдгурыIуапхъэщ: иджыпсту зэхэгъэкIыпIэм дынэсам хуэдэщ - е нэхъ лъэщхэм я зэфIэкIымрэ я акъылымрэ кьагъэсэбэпынщи, я хэкуэгъуэхэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэнщ, е Урысейм и цIыхубзэ хэщIыныгъэшхуэ я иIэнщ. Уеблэмэ кьэралыгъ уэр зэпкрыхунри хэтщ. Сэ гукъуэр куэд схуэзгъэкIащ. Ди бынхэм я гъащIэр зыхуэзэнэр нобэ тщIы унафэм зэрелытар гурыIуэгъэ? дыдэщ. Псалъэ куэдымрэ Iуэхущ1апIэ ныкъуэмрэ я зэманыр блэкIащ. Акъылым утыкур иубыдын хуейщ.

Бур къэзылъыхьуэхэм кIуэ пэтми нэхъ лъагэу заIэтын хуей мэхъу. Иужьрей илъэс хэм куэдым я гъащIэр щIатащ нэгъуэщIхэм я узыншагъэм щхьэкIэ кьащIи Iэгъэбгум.

● Сочэ

ЩIыуэпсым екIупс

«Олимпстрой» къэрал корпорацэм и архитектурэ секцэр хэлъпащ Имеретие аузым щащыну гъущ гъуэгу вокзалым, медиацентрым, журналистхэм щхьэкIэ хьэщIэщым я проектхэм.

ГЪЩIу гъуэгу вокзалыр Сочэ щащхуэнуэхэм ящыщ зыуэ аращ. Абы зы сыхьэтым цIыху 8500-рэ кьригъэблэгъэфынущ, цIыху 1300-рэ зыкIи зэран зэхуэмыхьуу вокзалым тетыфынущ и Iуэхур зэфIэкIыхькIэ. Вокзалым и проектыр а щIыпIэм и щIыуэпсым зэрыхагъэзэгъэ щIыкIэм архитекторхэр арэзы техъуащ. Апхуэдэ дыдэу кьыззадащтащ адрей проектхэри. ЗэрыкIэмкIэ, Олимпиадэр зэфIэкIмэ, медиацентрыр кинотеатр, сату щIапIэ, зыщагъэпсэху щIыпIэ гъэщIэгъуэныщхуэ зэтрагъэпсыхьыныщ.

ГАЛИЦКИХ Олег.
«Российская газета».



Накьыгъэм и 7 - 23-хэм Германием щокIуэкI дунейпсо зэпеуэр. Урысей хоккеистхэр абы щытекIуэмэ, ещанэу чемпион кубокыр кьахьынущ. Сурэтым щывольагъу УФ-м и хоккеистхэр.

● Хоккей: дунейпсо зэпеуэ

Илъэс 15 - 20-кIэ уэлIэбэкIыжмэ, щIы бжьгъэ гуэрт мусльымэн щIыхубзхэм я щыгъыныгъуэу жаIэу кIрагъэжьам щыщ зыщIыгъуэу Франджым щыплъагъунур, иджы апхуэдэхэр мини 2-м щIигъуащ.

НЭГЪУЭЩI къэралхэм кьиIэпхъуэкIыу кьахэтIысхьахэм кьищынэмыщIауэ, езы франджы щIыхубзхэми кьахэкIащ апхуэдэ щыгъын щызытIэгъа. Абыхэм ящыщ зым, Аннэ зи цIэ франджы бзылъхугъэм, и Iуэхум кIрикIуа къаутъэм и «лъабжьэр» жыжьэу къыщежьэу кьалытэ.

Нант кьалэм пэгъунэгъуэ полицием машинэ кIигъэувыIат, «Мерседес»-м и рулыр зыIыгъым и нэм фIэкIа кьыщIэмыщу IэлъэщI зэрытелъым кьыхэкIыу. Гъэзэгур фIыуэ иммылъагъумэ, зыгуэрым жьэхэуэнкIэ зэрыхъунур жраIащ, абы кьищынэмыщIауэ, и IэлъэщIыр тримыгъэкIуэту хуадакъым, машинэ кIрихухьIыну хуит зыщI тхылъым тегъуэа сурэтым итымрэ рулыр зыIыгъымрэ а зы цIыхур арарэ армырарэ зрагъэщIэн щхьэкIэ. Аннэ еврэ 22-рэ кьуэдыуэ тралъхьэри яутIыпщыжащ, арщхьэкIэ и хуитныгъэхэр кьрамыдзауэ кьиIыстэри, полицейнхэр судым иритащ. Абы кьыдэкIуэу, пресс-конференц кьызэригъэпэщам джанэ фIыцIэ кIыхь (туникэкIэ йоджэр абы) зыщыгъ лIы жьакIаци и гъусэу кьэкIуащ. И щхьэгъусэу зэрыжиIар псоми я фIэщ хъуат, ауэ илъэс 35-рэ зи ныбжь щIалэр хэтми щызэхагъэкIым, а тIур нэчыкьыншэу зэбгъэдэсхэу кьыщIэкIащ, абы щыгъуэми, Аннэ хуэдэ «щхьэгъусэу» зыбжани иIэу.

Анес Хеббаджрэ абы цIыхухэм ящигъэпщкIу и «щхьэгъусэхэмрэ» мывэ кьалэ лъагэкIэ кьэщIыхьа унэхэм (ахэр щы мэхъу) щопсэу, бын 12 яп1.

Куэд щIауэ франджы щэхурылажьэхэр кIэлъэлъпIъырт мы щIалэм. Ар Алжирым кьыщалъхуащ. И дэлъху, и щыпхъу куэдыкIеи и гъусэу адэ-анэм Франджым щашам, иджыри балигъ хъуатэкъым. Куэдрэ яужь итащ франджы гражданствэ зыIэригъэхьэну, ауэ франджы цIыхубз кьыща нэужьщ ар абы щыхуэзэфIэкIар.

Ар мы кьаугъэр кьэзыIэта Аннэракъым, атIэ нэгъуэщIщ. Пакистаным кIуэрей хьуа Анес куэд щIат щэхурылажьэхэр зэрыкIэлъыпльрэ. «Джамат таблиг» дин залымыгъэ лIэужьыгъуэм ижь кьращIыщIихуари Пакистанырщ. Франджы щэхурылажьэхэм зэрыжаIэмкIэ, исдъам экстремистхэм я процент 80-м а «еджапIэращ» кьыщIыщIадзар. Анес Хеббадж мурад ищIащ (нэхъ лъахъшэм кордицепсыр кьыщыкIыркъым). Гибридыр зэрыпсэуу щIым кьыхахмэ, граммыр еврэ 24-кIэ яхуэщэнущ. Араши, градуси 10 щIыIэу щыIэу мэлыжьыхь (апрель) мазэм цIыхуэхэр бгым докI, зыхуэрэгъуэхэм щэч кьыпрахьэрэтэкъым. текIуаэхэм допинг гуэр зэрызрахьэлIам, ауэ къэпщытэнигъэм зыри кьигъэлъэгъуакъым. Зэман дэкIыжауэ хэлъщIыIу щыхъуар китай тренерхэм я щхьэр - абыхэм спортсмэнхэм я щхьнхэм бу кIуэзу халъхьауэ арат. Цыхум къару хелъхьэ, и узыншагъэр ехьумэ, узхэм пэщIэтыфэ ещI, псом хуэмыдэу цIыхухъуэм дежкIэ сэбэпщ. Китайм и ресторан нэхъыфI дыдэхэм щхьныгъуэ лъапIэу, куэд зыпэмыгъэщу щагъэхьэзырыр корридепкIэ кудауэ ягъэжьа джэдырщ.

● Франджы

Аннэрэ жьакIацэмрэ

Пакистаным щыхабзэхэр Нант кьалэми щигъэувыну. А зекIуэращ и сомыи и хэлъ щIэ хуэдизу: лы щащэ тыкуэн, тхылъ щапIэ кьызэIуихащ, нэгъуэщI къэралхэм кьриш ерыскъыкIэ сату ищIэ хъуащ.

Абы кьыдэпсэу цIыхубзхэм я гупсысэкIэр езым ейм кьызэрытришэфа щIыкIэр зэкIэ «щэхуп», ауэ аIым и унафэм еувэлIахэщ, цIыхум кьащIыхьхьэкIи е парандж, е никаб ящIыщ. Пэжщ, абы щыгъуэми кьанэ щымыIэу кьагъэсэбэп зи закъуэу сабий зыпI цIыхубзым Франджыр зэрадэIэпыкъу псори. Абыхэм я фIыщIэкIэ жьакIацэм и жьыпым ирелъхьэ пособие къудейуэ еврэ мини 3 - 5 хуэдиз.

Хеббадж гарем зэрИыгъыр Франджым кьызэрыщIхуамыдэнур, абы гражданствэр кьызэритрахьыжынур жраIащ, ауэ езыр зэкIэ гуэващIэркъым, зыбгъэдэс цIыхубзэм ящыщ зыращ нэчыхь зыхуиIэри. Ауэ Франджым и хабзэхъумэхэри икIуэтыныфэкъым. Абы уголовнэ Iуэху кьыхуаIэтащ фыз куэд зэрIэам, ахэр кьитъэсэбэпэрэ, кьэралыр нэхъ зыхуэзэфIэмыкIхэм зэрыдэIэпыкъу ахъшэ зэришхьм щхьэкIэ. НэгъуэщI зыи кьыхэхъуэнкIэ хъунущ ар зэрагъэкъуэншэм - цIыхубзхэм ящыщ зыр тхьэусыхащ иIым и удынхэр и кьарум дэмыхуэжу жиIэри.

Аннэ и гугъу ищIымэ, пресс-конференцым лъандэрэ унэм кьыщIэкIыркъым. Апхуэдэ дыдэу унэм щIэубыдауэ КъурIэныр ядж абы и сабийхэми.

Паранджарэ никабрэ Франджым щызэрахьэу имыдэу, президент Саркози Николя нэгъабэ лъандэрэ мы Iуэхум ткIийуэ яужь ихьащ. «Ди къэралым ар щызэрахьэнукъым, цIыхубзым и пщIэр егъэлъахьшэри», жиIащ абы. Мы Iуэхум зэрыпщIэтыну хабзэр хьэзырщ. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ мусльымэн фащэу жыхуаIэр щыгъуэу цIыхухэм кьахьихьэм еврэ 150-м нэскIэ етхьэкъуну. Залымыгъэ хэлъу цIыхубзым ар щезыгъэтIагъэр тутнакъэщым илъэскIэ ирагъэсынущ, еврэ мин 15-кIи етхьэкъунущ.

ПРОКОФЬЕВ Вячеслав.
«Северный Кавказ».

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Футбол



Леандру бжыгъэр къызэIуех.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Локомотив» (Мэскуу) - 1:1 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 11-м. Цыху 8500-рэ еплъащ.

Мы гъэм япэу Налшык зэрыщытегъакIуэркъым

Судьяхэр: Сухинэ (Малаховкэ), Волнин (Владимир), Зарипов (Ленинград область).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Кисенков, Джудович, Амисулашвили, Филатов, Концедалов, Джат эрыв, Леандру, Шанцин (Гогуэ, 56), Дядюн (Русич, 90), Маляров (Бикмаев, 77).

«Локомотив»: Гилерме, Куэьмин, Асатиани, Баша, Янбаев, Дуймович, Тарасов (Родо лфэ, 90), Глушаков, Алиев, Майкон (Гатагов, 46), Сычев (Траоре, 73).

Топхэр дагъэкIащ: Леандру, 20 (1:0). Дуймович, 41 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ: Дуймович, Алиевым, Концедаловым, Кисенковым.

ВЭСЭМАХУЭ Налшык щекIуэкIащ футболымкIэ Урысейм и премьер-лигэм и епщIанэ джэгуГуэрэ хиубыдэ зэлуIэ. «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъащ гъэ джэгуГуэр фIыуэ щIидзауэ зыхужьпIэ мыхъуну Мэскуу и «Локомотив»-р.

ЗэлуIэр командэхэм я зэхуаку зэпэщIэтыныгъэшхуэ дэмылъу ирагъэжьащ. Дэтхэнэрэ хущIэкъурт и къэрхуэрэргъум и тIасхьэхэм нэхъ псынщIэу щыгъуазэ зищIыну.

Япэ ебгъэрыкIуэныгъэр налшыкдзэхэм къызэрагъэпэщащ. Ещанэ дакьикъэр екIуэкIыу Кисенковым Майкон топыр кьыгрихри, хьащIэхэм я штрафноим щхьэм лъэщу еуащ, арщхьэкIэ гъуащхьэтетым ар кьищтащ.

«Локомотив»-мипэкIэ кIуэтэным теухуауэ и мурадхэр кьыззэрехьулIэ щыIэтэкъым. Хэгъэрейхэм я гъуащхьэхъуэмхэм пэжыгъэ купщIафIэ зэфIахырт икIиебгъэрыкIуэныгъэр кьыззэрыззэпауду, топыр гъуащхьауэхэм я деж напIэ ззыпIэм нахьэсыжырт, Апхуэдэу иужьрей зэлуIэхэм кьыщыщIэдзауэ губгъуэм кьихьа Маляровым штрафноим ит Дядюн и лъэныкъуэмкIэ топыр кьыхитащ. АрщхьэкIэ гъащхьауэр абы зымащIэкIэ лъэIэсакъым.

Командэхэм бжыгъэр кьызэIуахыну Iэмалыфl кьахукъуэмыкIыуэ япэ дакьикъэхэр блэкIащ. Налшыкдзэсхэр зэрыжыдзэрт икIи абы екъулIэныгъэ кьахуихьащ.

ЕтIощIанэ дакьикъэм «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ нэгьабэ ди командэм и гъуащхьауэ нэхьыфIхэм ящыщ хъуа Леандру. Ди щIалэхэм я бгъэрыкIуэныгъэм хэту Щаницыным топыр штрафноимкIэ кьыхитащ. Абы я пэ нэса налшыкдзэхэм я бразил гъуащхьэхъуэмэнкьуэр зэуа топым Гилермэ кьыхуегъэгъэзакъым - 1:0.

Топ дагъэкIам зи лъэр жан ищIа «Спартак-Налшыкым» кьыкIэлыкIуэ зэманри и тепщэныгъэкIэ иригъэкIуэкIащ. «Локомотив»-м иебгъэрыкIуэныгъэр Джатэрыв зэмыззыпиудри топыр Дядюн куигъэжащ, арщхьэкIэ гъуащхьауэр Асатиани кьигъэ увыIащ.

Гогуэ кьыпекIуэкIри лъэщу Фредриксон и гъуэм еуащ. Гъуащхьэтетым хуэзанщIэу кьигъэльеижа топым кIэльеуэкьиу хунэсакъым гъунэгъуу щыта Глушаковыр.

Зэлущ1эм и иужьрей дакьикъэхэм къриубыдэу «Спартак-Налшыкым» Iэмалитl иIащ япэ ищыкыну. 84-нэ дакьикъэуэ кIуэкIыу Кисенковым топыр штрафноимкIэ кьыхитащ, ауэ гъуэм пэгъунэгъуу щыта Бикмаевыр абы хуэмыхьэзыру кьыщIэкIащ. КьыкIэлыкIуэу, ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр кьызэпиудын мурадкIэ, Гилерме гъуэм кьыдэкIри топым зыпэщIидзащ. Ди гъуащхьауэмрэ гъуащхьэхъуэмэрэ я ззхуакъ быдэлъэта топыр Леандру кьыхихьащ, арщхьэкIэ гъуащхьэхъуэмэныкъуэм ар гъуэ нэщIым худэгъэкIакъым.

Апхуэдэу мыгъэрей ззхьэзэхуэм и унэм щригъэкIуэкIа зэлуIепIлIми щытекIуа «Спартак-Налшыкым» етхуанэм зы очкощ кьыщIыхьэхьар.

ДжэгуГуэм хиубыдэу екIуэкIа зэлуIэхэм ящыщ кьызэгъэщIыпхъэщ «Алание»-мрэ Мэскуу и «Спартак»-мрэ зыр. Ди гъунэгъу осетинхэр 5:2-уэ абы щытекIуащ.

Адрей командэхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: «Анжи» (Мэхьачкъалэ) - «Динамо» (Мэскуу) - 1:1, «Сатурн» (Мэскуу область) - «Томь» (Томск) - 1:2, «Амкар» (Пермь) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 0:2, ЦСКА (Мэскуу) - «Тэрч» (Грозный) - 4:1, «Ростов» (Дон Iус Ростов) - «Рубин» (Къазан) - 0:2, «Сибирь» (Новосибирск) - «Крылья Советов» (Самарэ) - 4:1.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Маляровымрэ (№10) Башарэ я зэпэщIэтыныгъэ.

УФ-м и премьер-лигэм щыдзэу командхэм я ззхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	10	7	3	0	13-3	24
2. ЦСКА	10	6	2	2	18-9	20
3. «Рубин»	10	5	4	0	9-2	20
4. «Спартак-Налшык»	10	5	4	1	14-8	19
5. «Спартак»	10	4	4	2	14-11	16
6. «Томь»	10	4	3	3	13-12	15
7. «Ростов»	10	4	1	5	9-15	13
8. «Локомотив»	10	3	3	4	11-11	12
9. «Алания»	10	3	3	4	12-13	12
10. «Динамо»	10	2	5	3	8-9	11
11. «Тэрч»	10	2	5	3	9-10	11
12. «Анжи»	10	2	4	4	9-11	10
13. «Амкар»	10	2	3	5	7-11	9
14. «Крылья Советов»	10	2	2	6	7-16	8
15. «Сибирь»	10	2	1	7	12-20	7
16. «Сатурн»	10	1	4	5	5-9	7



Хэгъэрейхэр йобгъэрыкIуэ.

Зэрынэхьыбэр къахуэгъэсэбэпакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Локомотив» (Мэскуу) - 1:2 (1:2). Накъыгъэм и 10-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Цыху 1500-рэ еплъащ.

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Судьяр Иванов (Дон Iус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Антипов (Кьумыкъу Артур, 55), Лапин (Хатажеков, 46), Ечкини (Болэ, 77), Шалаев (Кьумыкъу Алим, 46), Михеев (Абаз, 72), Гъуэцокъуэ (Митришев, 46), Шортэн (Плиев, 46), Хьэгъэбанэ, Зрум, Чочуев, Мочалин.

«Локомотив»: Криворучкэ, Беляев, Бурлак, Миланович, Семенов (Шарифи, 46), Быков (Лезгинцев, 90+2), Чочиев (Кухарчук, 90+3), Полоз (Оздуев, 46), Гараковэ (Пуров, 66), Мнинченков (Миронов, 71), Джиоев (Филцов, 17).

Топхэр дагъэкIащ: Джиоевым, 2 (0:1), Михеевым, 27 (1:1), Мнинченковым, 34 - пенальтикIэ (1:2).

Пенальти хуэдэгъэкIакъым Ечкини.

Дагъуэ хуащIащ: Зрумым, Мнинченковым, Чочиевым, Оздуевым, Мироновым, Кьумыкъу Алим.

Джэгум хахуащ Криворучкэ.

УРЫСЕЙМ футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэхьэзэхуэм кьриубыдэу блыщхьэ кIуам Прохладнэ щызэзэуащIащ «Спартак-Налшыкымрэ» Мэскуу и «Локомотив»-мрэ.

Командхэм джэгур жыджэру кьыщIадзащ. ИкIи етIуанэ дакьикъэр екIуэкIыу мэкъудэсхэм бжыгъэр кьызэIуахри, япэ ищащ. ЗэлуIэр зэрыщIидзэу, топыр кьызыIэрыхьа гъащхьауэ Джиоевыр Iэзэу ди щIалэхэм яблэкIащ икIи лъэщу зэуа топым Антиповым кьыхуегъэгъэзакъым.

ПсынщIэу кьыхудагъэкIа топым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я лъэр щIидакьым, уеблэмэ ар гупышхуэр ипэкIэ кIуэтащ. Дакьикъэ 15-нэр екIуэкIыу хьащIэхэм я гъуэм хуэзкIуэ налшыкдзэсхэм я футболистыр Криворучкэ ириуду фIэкIа къыхуэгъэувыIакъым. Хабзэр кьызэпызыуда гъуащхьэтетыр судьям джэгум кьыхихуащ. Абы и пIэкIэ гъуэм дуващ топыр дзэгъэкIа Джиоевыр зыхъуэжа Фильцовыр. Бжыгъэр зэхуэдэ иращIыжну кьахукъуэкIа пенальтир Ечкини дигъэкIыфакъым, абы гъащхьэтетым кьригъэзакъым.

«Спартак-Налшыкыр» кьыщыхэжаныкIар зэлуIэм щыщу сыхьэт ныкъуэ дэкIауэщ. ШтрафноимкIэ кьыхата топыр Михеевым кьыIэрыхьащ икIи ар лъэщу еэри бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжащ - 1:1.

Ди жагъуэ зэрыхьуащи, топ дагъэкIам кьрикIуа гуфIэгъуэр кIэщI дыдэт. ЩытыкIэр ягъэзэжкIуэжьну псынщIэу ежэжьа «Локомотив»-м и футболистхэр убыдыпIэнщэт икIи ди щIалэхэм хабзэр кьызэпиудауэ Мэскуу и «Спартак»-м и пенальти. Ечкини етIыпитауэ, кьыкухьуэкIа Iэмалыр фIы дыдэу кьигъэсэбэпащ икIи иужьым и командэм текIуэныгъэ кьыхуэзыхьа топыр дигъэкIащ Мнинченковым.

ЕтIуанэ Iыхьэр нэхущIадзэхэм я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ, арщхьэкIэ гугъуехьэр псыхэкIуэдэ хуащ. КIуэх бжыгъэм арэзы кьыщI Iуэзэу дзэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъ тегъэщIауэ джэгуурэ зэлуIэр и кIэм нагъэсащ.

Адэкъэ щыгъуазэ фыхудощI адрей командэхэр зэрызэдэджэгуам кьрикIуаэм: «Анжи» - «Динамо» - 0:1, «Сатурн» - «Томь» - 3:1, «Алание» - «Спартак» - 2:1, «Амкар» - «Зенит» - 1:2, ЦСКА - «Тэрч» - 5:1, «Ростов» - «Рубин» - 1:1, «Сибирь» - «Крылья Советов» - 2:2.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Накъыгъэм и 21-р Адыгэхэм я фэеплъ махуэщ

Толъкъун гъыбзэ

Поэмэм щыщ пычыгъуэ

Щохьщ1э жэщым хы толъкъуныр,
Ар жэщ даущым щокьнин -
И хьэщ1 сыт щыгъун нык1ъуэкъуэныр,
Хы фIыцIэм нэхъри зегъэнн.
Жэщ сабырар къызэщIеIэтэ,
Щ1ыхуэ гъжьеяхэр зэхуешэс,
Хы папщIэ ирохъур, ирокI - мэятэ -
Н макъыр къурщхэм я деж нос.
Хым и толъкъунхэм зыкъ1эхъ1ыр -
Къ1ытысыр хуэдэщ къ1ыхахын,
Нэпкъ зыхуэпIащIэу зызыратым
Зэрыжьхъэхуэу мэпщхъыж.
Мазэгъуэнэхур иойущащэ
Толъкъунхэм тк1уэпсу яутхам,
Тк1ыэпс ящхьэкIэ нурыт ирепажьэ
Дэрыпсу псы игъэтхытхам,
Хы макъыр жэщым жыжьэ мэIур,
Ар джэрпэджэжхэм зэIэпах -
СодаIуэ, щIэтщи ежьу макъым,
Сыт щыгъун гуауэу зэхьэзох...
Аргуэру хьшхъуэр мэщымыжыр,
Щ1ъхъхынэу ныджэм ельэсыж,
Ешауэ ар иоупIжыжьыр,
Хы макъыр хуэму мэтIысыж.
ТэжIу-тIэжIуу ныджэр къ1ущIощ1ыжыр,
ГъэпскIауэ къабзэу иогъуэтыныкI,
МывэкIэщ1ъ щ1ыкIуэхэр
зэщIэщ1ъхьщ1ъхъэу,
Псы Iуфэр бауэу къ1опщIыпщIыкI.
Жэщ мамырам и дауи макъыр
Хы сабырам дахащэу иокIу...
Пэзаззу мазэр иокIуэтэкIыр,
Пшэ мащIэм сакъыу щ1окIуэсыкI.
Абы и нурым Iэджэ л1ъокIыр,
Е1ыр и гъуджэ псым ныкI.
Арыхъэу зы тэлайхэр джэкIыр,
Апхуэдэ жэщыр гум пымыкI...
Гъэмахуэ жэщ гум пымыкIыжыр
И насыпэ хъуащ зэ зыгъэсам.
Акъужьыр щабэу к1ыкъуоужыр,
Ар псэуэ щ1ыпэм хуэгъэзащ!
Жэщ зи мазэгъуэр дахэ ещIыр
А макъ зэмыщхъу жэщым щIэтым,
Дунейри хуэдэщ хуэжьIэщIэ
Хы фIыцIэм мазэ к1ъущхьэщ1ытым.
Хуэм-хуэму хым зыкъ1ъзэщIещ1э,
Iэхъуэхэр гушхуауэ зэжеубIэ.
Ипхъ-ипкIыу л1ыгъэхэр зэпещIэ,
К1ъ1ъзщIегъэст, к1ъ1ъзщIегъапIъэ,
Тотъкъунхэр щ1ъхъэр зыкъгъэгъэ.
Аргуэру пэнпкъым к1ъ1ъзрохь -
Абы1ъэм я1ъкъым ухыгъэ,
Тотъкъунхэм хьшхъэр къауащ1ыхь...
Екъуэу щIэтщ хы макъым гъ1ыбзэ,
Бзэ псомкIи гуауэ къ1ыратыжI.
Ирихьэжьауэ зы Iуэхущхэу,
Хыр нобэ и пIэм имыхуэж.
Пейтей сищIауэ сэри хьшхъуэм
Сольагъу Хы фIыцIэм къ1ъхьэлъэ1ыу,
Тепхъауэ ихъуэхъэр щ1ъзэбл1ъкIыу...
Хьэдагъэ зыщIу зэхэ т щ1ыхуэхэм
Къ1ъуокIуэ щ1ыуэ къ1ъзыщ1ыхуэр.
Зжоэзрыхьыр щ1ъхъэхуэ, щ1ыхэр -
Псори гуIэгъуэм егъэщ1ыгъуэ -
Iуауэшхуэм зэдгрегъэшхэм
Хэкъ1ыпIэ гуэркэр к1ъ1ъдат1ъ1ъхуэ:
Хэтн пэзаззу Iутщ л1ъ1ъ Iуфэм,
Пт1ъагъуу зехъуэжьэр Iэдэжм я фэм,
Щ1алэр дакьикъэм к1ъетхъухащ,
Пщ1эгъэупт1ъ1ым и щхьэр къ1ыфIэхуащ.
Мо шы къзбыфэр гуауэу щ1ыщ1ырт,
Хэтн и нэгум гуIэ к1ынщIыр.
Нэщхьейхэт щ1ыхэр, щ1ыхуэхэм хуэдэу,
Я сокъэр пшыкIэ к1ъ1ъ1ъат,
К1ъ1ъдагъэщIащэр гъ1ъуэ куэду
Абы1ъэм псэкIэ зыхащIат.
Шыр и щхьэм япэ иригъэщIу
И1а ныбжьэгъуэм нэпс щIегъэкI,
Гурыщ1ъуэ гъэпкъ иримыгъэщIу
Е1ыри щ1ыхуэм к1ъ1докIуэжI -
Зэрогъэпэж а т1ур иг1ащIэм,
Ещ1ажьхъым ахэр з1ынкI гуащIэм,
Я махуэ гуГъун, гуауи махун
Зэрощ1э, дамыгъэкIыу махуэ...
К1ъ1ъоплъ гуIэжу щ1ыхуэм шыр -
Хэт пэхъуфын а и ныбжьэгъум?
Щ1ыхур а шым еплъыхуу мэщ1ым -
Хуэпэчыхъэнжьым имыгъагъуI
Йохъуапсэ и1эм гъащIэу шым -
Йохъуапсэ Хэкум щ1ылIэжьынум.
Йофыбгъуэ биим къ1ыхуэнэ щ1ым,
Насыпт а Щ1ым зыщи1Iэжьыну...
- Сэ шыуэ Тхъэм сыкьнгъэщIам,
К1ъ1ъсуимыщIа щ1ымыIэт зы!
Си Хэку и Iэфl сымыщIэт сэ! -
Iущащ1эу дадэр шым бгъэдэтт,
Шы къарэм щабэу Iэ ныдиIъэу, -
- Сытхъэжу ныджэм сэ сытетт,
Хэкум икI щ1ыхуэхэм сакIэлъпIлъу.
Сыщ1ыпсэунт, сыщ1ыпIэжьынт -
И1ашIи Хэку сыкъ1ынжьынт,
Нэхъ насыпи ни хэт хуеижьынт!..
Сэ ситыжьынт си Хэку и щIыгу,
Сыщ1ыхъэжами мэзым Iэлу,
Е сыщIащIэну щ1ыIэм зыгу,
К1ъ1ъсухуагъэфащэу хъуар си хьэлъэу...
Зы напIэзыпIэм щ1ыхэр щIэри
ГъэкIащ1э щхьэр и нуыбжьащ,
Ахэр нэщхъейуэ зэ щ1ытауэ
Пхуэмыщ1эжьыну зрачащ.
Щ1ыхэм къажьхьыр гужьеяуэ -
Ныджэ хунтышхуэр яримыкъу.
Зэм толъкъун къ1ъсым йоп1ъпауэ,
Псым хэтъ1ъдэну ирамыку.
Тепыпэ хэ т1ъкъым, зэрызохьэ,
Тхъурымбэр щ1ыхэмэ к1ъ1ъуэх...
Иджы Iэсабзэу, зырызыххэу
Ныджэмкl1Э ахэр йокIуэтэж.

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин.

● Атлетикэ псынщIэ

Кучинэ Марие Европэм макIуэ

Олимп зэхьэзэхуэхэм хэтынухэр къыщыхьах Урысейпсо зэнеуэ 1993 - 1994 гъэхэм къ1ьлъхуа щIалэ, хьыджэбз щ1ыкIуэхэм накьыгъэм и 7 - 9-хэм Чебоксары щрагъэкIуэкIащ. ТекIуэныгъэм и махуэм хуэм щыIа финал 20-м текIуэхэр щагъэбелджылащ. Абы инкь иткIэ ящ1ыхьыхащ Сингапурым щ1ынэу ныжьыщIэхэм я Олимп джэгуэм хагъэхьонухэр къыщыхьахыну Европей зэхьэзэхуэм кIуэнухэр.

ДУНЕЙПСО чемпионатым дыжьынт медаль къыщызыхьа, Габрилян Геннадий и гъэсэн Кучинэ Марие 1 метррэ сантимер 90-м щхьэпрыпащ икIи пашэныгъэр иубыдащ. Абы и хьэрхуэрэгъэ нэхъащIхьэхэу Краснокутская Оксанэр (Санкт-Петербург) Неверетдиновэ Альфиерэ (Мордовие) етIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ.

Атлетикэ псынщIэмкIэ сабий-ныбжьыщIэ школым и унафэщI Ольховский Валерий щыгъуазэ дыэрищIамкIэ, Марие иджыпсту Жуковскэ кьалэм зыщегъасэ, накьыгъэм и 21 - 23-хэм Урысейм и командэ ныбжьыщIэхэм я Европей къыщыхьах зэхьэзэхуэхэм хэтынущ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Къэрал киноконцерт гъэлъагъуэпIэм щагъэлъэпIащ «Хэку зауэшхуэм и сабийхэм я нэкIэ», «Аильэсхэм ди щхьэр худогъэщхъ», «Сабиигъуэм и хэщIапIэр Урысейрш» фIэщыгъэщIэхэм щIэту кьыззрагъэпэщащ урысейпсо зэпеуэм и зы пэщIэдзэ Iыхьэу республикэм щекIуэкIам щытекIуаэр. Бжьыпэр зыубыдахэм я гъусэу зэIуущIэм кърагъэблагъат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэри.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дорохинэ Лидие гуфIэгъуэ зэхьихьэр кьыщыззэIуихым кьыхигъащащ мы зэпеуэм фIым и фIыжхэр кьыщыхэпхынри гугъу дыдэу зэрыщытар, сыт щхьэкIэ жы-пIамэ, псори зэхэту утыку кьрахьат лэжьыгъэ 500-м щIигъу. Абы фIыщIэ яхуищIащ ар кьызэгъэпэщыныр кьадзэзыIыгъа, апхуэдэуи текIуэхэмрэ ветеранхэмрэ саугъат пIэпIэхэмкIэ зыгъэпэжа

Хэку зауэшхуэр - сабийхэм я нэкIэ

Къабардей-Балъкъэр бизнесинкубаторым.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ зэпеуэм хэта сабийхэр ветеранхэм зэрахьа лIыгъэм щыгъуззэу, абыхэм пщIэ хуащIу кьызэрыхъум, - жиIащ Дорохинэ Лидие. - Сыхуейт кьытщIэхъуэ щIэблэм ди нэхъыжьыфIхэм кьытхуахьа ТекIуэныгъэм и лъапIагъэр зэи ящымыгъупщащу икIи зауэр щIыгум фIэкIа ямылъагъуу псэуну.

ЗэIуущIэр ягъэдзакъэ республикэм и артистхэмрэ сабий творческэ гупхэмрэ текIуэныгъэм, гъатхэм, лъагъуныгъэм теухуауэ жаIа уэрэдхэмкIэ.

КIУЖ Иннэ.

● Гу зылъытапхъэ

Хъыбар фагъащIэ

КъБР-м НАЛШЫК къалэмкIэ и дзэ комиссариатым дзэ къулыкъу езыхьэкIахэр икIи зи ныбжьыр илъэс 24-м нэмысахэр кьыхех УФ-м ЗыхъуэмэныгъэмкIэ и министерствэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм дзэ ІэщIагъэхэмкIэ курат щIэнигъэ кьезыт я факультетхэм щIитъэтIысхьан мурадкIэ. Ахэр илъэси 2-рэ мази 10-кIэ ягъэдзэжнущ. Курсантхэм зы мазэм иратынущ сом мин 15.

Зи гугъу тщIы факультетхэм щIэтIысхьэну хуейхэр КъБР-м Налшык къалэмкIэ и дзэ комиссариатым ирекIуэ. Ар мы хэщIапIэм щыIэщ: **Краснодармейскэ уэрам, 26, 24-нэ пэщ, телефонщ: 44-10-83.**

ЩIалэгъуалэ пшыхьхэм фыхэт!

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм хъыбар фегъащIэ: Налшык къалэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ пшыхьхэм къыпащэ. Лъэпкъ щэнхабзэм дихьхэ, адыгэ къафэхэр фIыуэ зылъагъу псори нобэ сыхьэт 18-м Абхъазым и утым щызэхашэну дзэгум фрагъэблагъэ.

Дзэпкъи щIалэгъуалэ пшыхьыр щекIуэкIынур махуэку махуэрщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ащIэхэм я адвокатхэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пысымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ащIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакциэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтеохуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынщи и щIэ дальщ федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленем.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрикъуэкIа жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ягхащ.

Зы пэлъэш газетыр 250-р ккыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцием и щIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгуэм елъэхъэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщкl Соня, редактору ГъущIо Зариф, корректорэу ПхьитIыкI Юрэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дзэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №1320